A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark

# ДӘЎЛЕТЯРБЕК

84 кк
Д 21



84 кк
Р 21



# ДӘЎЛЕТЯРБЕК

*(Дәстан)*

DIZIMGE ALINDI-2010
53086

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1995

КК—2 Дәўлетярбек, *дәстан.*—Нөкис: Қарақалпақ-
КК—Ф стан, 1995. 60 бет.

Қарақалпақ халық аўыз еки әдебиятында еле баспадан шықпаған көплеген қыссалар менен дәстанлар бар. Солардың бири Қоңыратлы Нарбай бақсы Көшекеновтан профессор Қ. Мақсетов тәрепинен жазып алынған „Дәўлетярбек" дәстаны.

Дәстан XVIII әсирде жасаған өзи батыр, өзи шайыр ҳәм сазенде болған Қоңыратлы Дәўлетярбектиң ерлик ислери ҳаққында сөз болады. Дәстанға өзек болған сюжет—оның „Саркуш" атлы жүйрик атын Хийўа ханлығының зорлық етип тартып алмақшы болғанлығы менен байланыслы болса да, тийкарғы идеясы туўылған жерге муҳаббат, дослық, туўысқанлықтың қәдир-қымбатын улығлаўдан ибарат.

Дәстан түп нусқадағы тиллик өзгешелиги сақланған түринде баспада биринши рет жәрияланып отыр.

Пикир жазғанлар: *Қалбай Мәмбетназаров*
*Жалғасбай Хошниязов*

Баспаға таярлағанлар: *Қабыл Мақсетов,*
*Раўшан Мақсетова.*

46883

Ф $\frac{470225000-280}{M-357(04)-95}$ 75—95

ISBN-5-8272-1633-Х

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1995.



Алқисса Қоңырат журтында балғалы урыўында Ешмурат найыптың улы Дәўлетярбек дүньяға келди. Өзи жалғыз бала, бир қарындашы болды. Атасы жаш ўақтында баласына арнап бир сары тайға белги салып үйинде сақлады. Күнлерден бир күни атасы Ешмурат найып тайы ат болып жетилген соң баласын мингизип, той-тамашаларға апарып көрсетти. Халық Дәўлетярдың атының шабатуғынлығын билип, топлымға қосты. Қоңырат журтында ҳеч кимге байрақ бермеди. Буннан кейин Дәўлетяр атты сейишлеп үлкен атқа қосты. Дәўлетярбектиң „Саркушы"—деген атақ алды. Түркмен арасына барып ат шапты. Бунда да аты әйладурға байрақ бермеди. Хийўа сорамынан атын оздырды. Аўазасы әлемге түшти. Бир күнлери бир атчабар сейиш Хийўаның ханы Асфандиярға барып, Дәўлетярдың Саркуш атының жүйриклигин мақтады. „Ол тулпар ат, пуқараға ылайық емес, сизге миясар",—деди. Анда хан дийўананы чақырып, Қоңырат ҳәкимине хат жаздырды: „Қоңырат ҳәкимине дуўай-дуўай салам, қоңыратлы Ешмурат найыптың улы Дәўлетярбектен Саркуш атын алып, тезлик билен барған адамнан қалдырмай берип жибериң",—деди. Бул хатты бир ўәзирине берип атландырды. Ўәзир бир нече күн жүрип Қоңыратқа келди. Қоңырат ҳәкимине хабар берип, келген ишин билдирди. Ҳәким Ешмурат найыптың улы Дәўлетярбекти жасаўыл жиберип алдырды. Дәўлетярбек Саркушты

минип Қоңырат қаласына келди. Атын байлап ҳәкимниң алдына кирди. Салам берди.

Анда ҳәким Дәўлетярбекке:

—Балам, бахтың мәртебең қутлы болсын,—деди.

Анда Дәўлетярбек:

—Тақсыр түшинмедим, бул не бахыт, не мәртебе?—деди.

Анда ҳәким:

—Сиз ханға белгили жақын адам болдыңыз, хан қашынан орныңыз болды,—деди.

Дәўлетяр:—Не себепли?

Ҳәким:—Ат себепли.

Дәўлетяр:—Не ат?

Ҳәким:—Сизиң астыңыздағы Саркуш ат. Соны патша соратып жиберипти.

Анда Дәўлетярбек:

„Мениң атым өзимниң басыма тең, өзим өлмей ат берилмейди —деди. Шул ўақытта ханнан келген ҳәким:

—Әй Дәўлетяр, бул күчти қайдан тапгың, хан атың түўе, хаст етсе басыңды алады. Көп болса Қоңырат журтының онмың үйли ели бар чығар, ханды билесең бе,—деди. Ал, Дәўлетярбек көзлери пияладай болып, орнынан турды. Қонычынан қанжар пычағын алып, ўәзирдиң қашына келгенин билмей қалды.

—Жаңағы сөзиңди қайта айт,—деп доқ урды. Ўәзирдиң сақалы сәлтилдеп ләби қыбырлады. Шул ўақ Дәўлетярбек ўәзирдиң сақалынан ушлап, қанжарды тамағынан тартып жиберди. Бәрчаның ичи қан болды, ўәзир тыпырламай жан берди.

Анда Қоңырат ҳәкими:

—Балам, Дәўлетяр, яман иш болды. Қоңырат халқы бүлетуғын болды,—деди.

Дәўлетяр:

—Не болса, шул болсын,—деп далаға чығып кетти. Келип, атына минип елине қайтты. Дәўлетярдың анасы, ҳаялы, қарындашы алдына чығып қарап тур еди. Дәўлетярдың жүзинде қайғының барын билип, анасы Ертуўған баласы Дәўлетярбекке бул жерде жүрме, түркмен елинде атаңның досты Италмас улы Маматжан сардарға барып, басыңды панала деп бир сөз деди:

Көптиң мәслаҳаты ханның ярлығы,
Басыма түшиптур жаҳан тарлығы.



Бизге қылған Хийўа ханның зорлығы,
Иркилмегил, балам, мунда турмағыл.

Пәнди насийҳатым перзентим саңа,
Сырыңды алдырма ҳәргиз душмана,
Саңа келген бәле келсинлер маңа,
Кетегөргил жаным мунда турмағыл.

Шахимардан болсын балам жолдашың,
Жаттан жақын қияметлик ғардашым.
Бизни қайғырмағыл сақла бир басың,
Ол достыңдур өзге ерге бармағыл.

Зинҳар уғлым пуқараны йығлатма,
Жетим уғлан, тул қатынны ағлатма,
Қулағыңда турсын бийжай иш етма,
Мөҳминлерге ҳәргиз қылыч урмағыл.

Буннан барсаң тамамы журт жыйналар,
Өзбеклер, түркменлер бәри жәм болар,
Сыйлашар сиз билен қәдириңнен билер,
Ол достыңнан басқа ерге бармағыл.

Муқаннестиң инанмағыл сөзине,
Бақа гөрме намаҳремниң жүзине,
Душманлардың қум қуйылсын көзине,
Өлтирмес деп балам туғры бармағыл.

Алла ярың болсын сениң перзентим,
Аллаға тапшырдым көптур зулматым,
Насийҳатым тыңла сен жигербәнтим,
Ҳақ зикирин балам тилден қоймағыл.

Аллаяр, Қулаяр, балам Дәўлетяр,
Аллаярың болсын пийрин мәдаткар,
Италмастың уғлы Маматжан сардар,
Атаңның достыдур балам шуған бар.

Бир ғәрип анаңман алтмыш үч жашар,
Ер жигит басына көп ишлер түшер,
Аман болсаң жүзим жүзиңе түшер,
Хош бар, енди жаным қайғыланмағыл.

Алқысса Дәўлетярбек анасының сөзин қабыл алды. Шул ақшам миймаи болды. Қырқ жигит жыйналып келди. Жигитлер ҳәм бирге кетмекчи болып, ат сазлап тамам қоңшылары келди. Ерте турып, атына минип, сазын қолына алып, анасына қарап бир сөз деди:

Пәлек бизни айралыққа башлады,
Йығлама жан анам қабам қал енди,
Нәсибем көр не ерлерге ташлады,
Йығлама жан анам қабам қал енди.

Чықсын жаным йығлағаның көрмесин,
Ҳеч бир адам айралыққа қалмасын.
Достым йығлап душманларым күлмесин,
Йығлама жан анам қабам қал енди.

Дәўлетяр дер айтар жалғызын менам,
Пырақың отына күйдирме тенаң,
Аман болсам бир күн қайтып келермен,
Көзи яшлы ана жаным қал енди.

Алқысса Дәўлетярбек ҳаялы Сәрўиге қарап бир сөз деди:

Мойның бурып малул болып йығлама,
Арзыў-әрман билен алған сәўдигим,
Бу жанған жигерим отқа дағлама,
Ышқы отын жаңа салан сәўдигим.

Гөззаллар ичинде сенсең қараман,
Көрген арзыў чекер көрмеген әрман,
Пырақың отына ҳалыңы берман
Ләйли-Мәжнүн каби болан сәўдигим.

Рақыплар жәм болып жыйналып келан,
Ашық-машуғыға жудалық салан,
Ким жетди муратқа бәриси ялан,
Сениң мениң каби болан сәўдигим.

Пәлектиң жәбринен ҳалым қараптур,
Ялғызлықтан қара бағрым кабапдур,
Шийрин-Фарҳад дерлер Шасанем лапдур,
Бәриси жанында ялған сәўдигим



Бүлбилниң қымбаты қызыл гүл билен,
Яқшы йигит қадри мудам ел билен,
Сен ҳәм мениң билен, мен сениң билен,
Қадыр алла қошса яне сәўдигим.

Умытмасман қадриңнен билермен,
Қапалықта қара бағрым тилермен,
Аман болсам бир күн қайтып келермен,
Кетсем де келермен аман сәўдигим.

Бахтым ганж болды сыймай ханама,
Еки улым учын баўрым жанмайма,
Қартайғанда ақ сүт берген анама,
Бары-жоғым билдирмегил сәўдигим.

Дәўлетяр дер көрдим әжеп аўҳалда,
Қысметим язылан ол әзел күнда,
Нәйлейин тәғдире мен болдым бәнда,
Иншалла келермен қайтып сәўдигим.

Алқысса Дәўлетярдың бул сөзинен кейин ҳаялы Сәрўиқараман еки улын атасының алдына алып келип, айралықта Дәўлетярға қарап бир сөз деди:

Пәлек бүгин айралыққа башлады,
Ярды меннен, мени ярдан айырды,
Ышқы отына бизди қылып гриптар,
Алла бизди Дәўлетярдан айырды.

Ат үстинен улын алып сүйеалмай,
Мийри қанып дийдарына тояалмай,
Аллаяр, Кудаяр улын көреалмай
Бизди бүгин сүйген ярдан айырды.

Ат болмады бизге түшти қайғы дәрт,
Қабыл болып жүрек баўрым болды нәрт,
Ел-журтынан айра түшти бүгин мәрт,
Раҳим етиўчи ғамқорымнан айырды.

Сайраса бүлбилдиң шығар наласы,
Еки бирдей йығлап қалды баласы,
Қартайғанда дәртли болды анасы,
Алтмыш жашар анасынан айырды.

Бир майдан көрмесе аҳыў-зар болған,
Ышқы оты билен бизге яр болған,
Бир башына кең жаҳанлар тар болған,
Алла бизни сүйген ярдан айырды.

Алқысса Дәўлетярбек ҳаялының кеўлин алып бир сөз деди:

Жүзиңди сүйейин сениң сәўдигим,
Аман болсам бир күн қайтып келермен,
Пырақың отына жанды бу жаным,
Айралық өлимнен жаман сәўдигим.

Мениң дейин ҳечким малул болмасын,
Қайғыланып қызыл жүзи солмасын,
Қадыр алла, қияметке қоймасын,
Иншалла көргеймиз аман сәўдигим.

Сеннен башқа гөззал тушмес көзиме,
Дүнья малын алман ҳәр бир сөзиңе,
Зийнетли бал тамған шийрин жүзиңе,
Қарап мийрим қанмас бәрҳа сәўдигим.

Көзлериң-қашларың қуралмыш қаман,
Ләблериң шийриндур, тишлериң маржан,
Қойның жәннет киби әй маҳитабан,
Жоқдур бул сөзимде ялған сәўдигим.

Шийрин-Фарҳад дерлер Уамық-Уэра,
Баҳрамы-Диларам, Юсуп-Зулайха.
Ғәрип-Шахсәнемдур ашық Муртаза,
Сен Ләйли, мен Мәжнун болан сәўдигим,

Дәўлетяр дер пикирим, зикирим даўама,
От чықар ағзымнан чеккен аҳыма,
Қашларың мийрасдур сажда башыма,
Арзыўлықта табышқаймыз сәўдигим.

Алқысса бул сөзден соң анасы, баласын аллаға тапшырып бир сөз деди.

Жалғыздың ярысаң алла,
Жалғызым саңа тапшырдым,



Сенам болғыл пушты пана,
Жалғызым саңа тапшырдым.

Тәнимнен чықты бул жаным,
Қалмады сабры қарарым,
Жалғыз улым Дәўлетярым,
Иаратқан саңа тапшырдым.

Бир беш күн ойнап күлдиргил,
Ким яқшы, ким яман билгил,
Бир инсанам бәндем дегил,
Жалғызым саңа тапшырдым.

Қаррығанда ҳасыл еткен,
Наҳалым камалға жеткен,
Бағыма бир сашырап питкен,
Бир уғлым саңа тапшырдым.

Кече турып оянурдым,
Суянурдым, таянурдым,
Қуўатым деп инанурдым,
Баламны саңа тапшырдым.

Атаңыз бағры биряның,
Жолында жисми гиряның,
Анаңның жаны қурбаның,
Сени аллаға тапшырдым.

Алқысса Дәўлетярбек анасы, ҳаялы, қарындашына қарап, кеўиллерин алып бир сөз деди:

Қазанның қарасы палакниң йузи,
Пирқаты ижраны маңа тапшырды,
Жаныма батып тур рахыптың сөзи,
Бүлбилди учырып гүлден айырды.

Шум палакниң ранж болды раптары,
Аўмалы, дөнмели болған дүньясаң,
Мени ҳәм өзиңдей қылып бийқарар,
Ярды меннен, мени ярдан айырды.

Баҳарым. айямым озал барымды,
Мәжилисим, махрамым сәўбет сазымды,

Лачыным, шунқарым бахар—жазымды,
Ордегим қуўыбам көлден айырды.

Дәўлетяр дер айтып билмен ҳалымды,
Ғазымды учырып бузып шәнимди,
Пирқатқа салыпсаң жанған жанымды,
Ярды меннен, мени ярдан айырды.

Алқысса Дәўлетярбек елдиң жаш үлкенин ҳәкимге жибермекчи болып елден чығып кетмеси учын жаш үлкенлерге қарап бир сөз деди:

Пәлек бизни айралыққа салыптур,
Осал қайсы ижран қайсы билманам,
Ығбал нышанасы ғайра дөниптур,
Пайда қайсы, зыян қайсы билманам.

Рахиптиң шиддати шана жетиптур,
Енди баштан ашып жана тийиптур,
Дослардан шапаат мийрим кетиптур,
Яқшы қайсы, яман қайсы билманам.

Ол меннен қалмаған, мен оннан қалмас,
Саўашта муханнес майдана келмес,
Мәртлер ар сақлабан ҳеч нәрсе билмес,
Нәмәртлердиң ҳалын била билмадим.

Майдан ичра Рустам каби ҳайбаты,
Шер, филниң қуўаты, арыслан сыпаты,
Қарындаш, ел, күнниң дәстүр ҳүрмәти,
Болай дедим анча бола билмадим.

Кеўлимди байладым яратқан била,
Ақыры қайыр болсын ығбалым көре,
Алардың сөзине инанман сирә,
Сизиң не қастыңды била билмедим.

Душманым өлтирип жолдан адаштым,
Саркуш учын менам жанымнан кечтим,
Дәўлетяр дер беш күн өмирим учун,
Нәмәртиниң тоныны кия билмадим.

Алқысса Дәўлетяр қашына қырқ жигит алып, атланып агырғанда Махмутжан-сәрдар, Амин-хан, Қуўаныш-баҳадыр, Ниязаман қушаған яқшы йигитлари билан йолға түшип турғанда, Махмутжан-сәрдарның анасы келип, йигитларга қарап бир сөз деди:

Баламның достысыз сиз ҳәм бир балам,
Қутлы болсын сапар еткен жолларын,
Қуўатым, мәдетим, жигерим болған,
Шаҳимардан пийриң болсын қолларың.

Аман-есен барың нәсийбең тартып,
Мәртлик қылычыны урың қубартып,
Адамды толтырсын шаўкетиң артып,
Гөруғлы, Юсупдей дәстан сөзлериң.

Ғапыл болма жаным барған жерлерде,
Итияжың қолдан берме чөллерде,
Майданда учрашсаң ханы-беглерге,
Сөзлешкенде өткир болсын сөзлериң.

Башыңнан дәўлетиң кетмесин даўам,
Дуўай қайырыңны берейин мудам,
Қыяметлик оғлым сен ҳәм бир балам,
Хазана түшмасин ҳәргиз гүлларың.

Атанияз, Аман, Маҳмутжан сәрдар,
Алар сениң билен кетмиш бирадар
Аллаға тапшырдым балам Дәўлетяр,
Бир алла аңласын ҳақтур жолларың.

Алқысса Дәўлетяр йигитлерин изине йертип кетип барар еди. Ағайин, туўған, дос ярлары изине йерип келе берди. Әне Дәўлетярбек атының башын бурып, хошласып бир сөз деди:

Бизни көрген тамам жаклар қайтыңлар,
Көргенче күн яқшы сизлер хош болың,
Бизден разы болып үмит қылыңлар,
Теңи, душым, қәдирданлар хош қалың.

Саркуш минип газген небир жайларым,
Халқымның муҳаббат көрдим сыйларын,
Сазы-сәўбет қурып өткен айларым,
Өтти дәўран бизден сизлер хош қалың.

Қожа Мәңли келди сәрдар Аманым,
Қожа кетсе кетар башта думаным,
Өтти бизден беш күн дәўран заманым,
Көришгеймиз досты-ярлар хош қалың.

Кеўил қошып бирга ал-шарап ичип,
Ат ойнатып ташқын жайлардан кечип,
Қаршы келген душпан билен чаташып,
Бирге өскен қәдирданлар хош қалың.

Алқысса Дәўлетярбек йолға түшип йигитлерин башлап, Қәтенлер каласының үсти билен Қашка жолдан таўға миндилер, Анда йигитлер артына айналып қарап, „Әй Дәўлетяр аға, көриң, Қоңырат бағы узақтан минарланып көринеди. Елде бир нече жашы уллы, жашы кичи, досяранлар бар еди. Шуларды еске түширип тәрип қылың" —деди. Анда Дәўлетярбек сазын қолына алып, жашы кичилерди яд етип бир сөз деди:

Исламның куўаты дин Хорезмде,
Сәҳәр турған пийри Камиллар қалды,
Хаққа тәсир еткен ҳәрбир деминде,
Нәпеси кудирет пирлерим қалды.

Мен сизге сығындым я уллы пирлер,
Налышымнан титрер асман заминлер,
Не бир кароматлы сыйынған пирлер,
Не қәдирден досты яранлар қалды.

Ахунхожа пийрим Сайткамалым,
Аптаптай жактылы хуршид раўаным,
Ойнап өскен досту яру-яраным,
Той-тамаша, ҳайт-байрамларым қалды.

Ағам дийип йығлап жалғыз начарым,
Арзыў әйлеп алған сүйикли ярым,
Ақсүт берген анам шул мийрибаным,
Ағзы шийрин, тили зибанлар қалды.

Дәўлетяр дер сениң ҳаслы мәканың,
Қоңырат журтында қалды ўатаның,
Айта берсең көптур сениң дәстаның,
Әрман сенде қырман-қырманлар қалды.



Алқысса, Дәўлетяр елинен айра түшип баратырғаны ядына келип жигитлерине қарап бир сөз деди:

Әй яранлар мусылманлар,
Мен уллы елден айрылдым,
Үмитимди үзип жаннан,
Қатарда саннан айрылдым.

Той-тамаша сазы-суҳбат,
Таам ашы, назы-неьмат,
Мийманлы—отаўлы шәўкат,
Шаны-шәўкаттан айрылдым.

Мен түшмишам елден жүдә,
Бир лачынам чөлден жүдә,
Мен бир сона көлден жүдә,
Бүлбилам гүлден айрылдым.

Мийрибаным кабам-анам,
Ақлы парийшан, кеўлинде ғам,
Айралықта тутып матам,
Мен ғәрип ярдан айрылдым.

Дәўлетяр дер кәрим алла,
Пийрим Шаҳимардан қолла,
Көрермен халқым иншалла,
Таўсылмас каннан айрылдым.

Алқысса Дәўлетяр бул сөзден соң таў үсти билен нече майдан жол жүрди. Бир жерлерге келгенде таў үсти дүмпечик болып, гә жоқары, гә төмен түшип, ат жолы өнмеди. Анда бир жигит Дәўлетярдан сорады. Дәўлетяр сазын қолға алып бир сөз деди:

Ғош жигитлер сүриң беш күн дәўранды:
Көриң не якшылар өткен жайлары,
Қызы Шааббаздың Шасәнемжанды,
Ғәрип-ашық алып қайтқан жайлары.

Башынан аяғы тамамы адап,
Лағлы гәўҳар киби тишлери садап,
Көчки-әйўанларын тилладан безап,
Ғош йигитлер шарап ичган жайлары,

Мойнын бурып малул болып ағлайып,
Ышқы отына жүрек баўрын дағлайып,
Ашығым деп күнде зар-зар йығлайып,
Ғәрийбин узатып қайтқан жайлары.

Алма көз бедеўлер ғоччақлар минген,
Ҳәр ким яры билен ойнаған, күлген,
Сачы өрим-өрим, қырмызы бәден,
Барчәсин қаражер жутқан жайлары.

Чырмаян жағасын сайран еттирип,
Ат чаптырып алтын қабақ аттырып,
Чадр бәрга қурып, ақ үй туттырып,
Не жигитлер келип кеткен жайлары.

Бүлбил пиған әйлеп сайрәр тағларда,
Қыз-жаўанлар алма атар бағларда,
Сазы сухбет қурып ақ отаўларда,
Ғош жигитлер сайран еткен жайлары.

Айра түшип неше жыллар елинен,
Жети жыл аҳ урып раҳип қолынан,
Шаҳимардан мәдет берип белинен,
Айши-ишрет етип жатқан жайлары.

Нәйлейин замана палек гәрдиши,
Бир дос табалмадым ҳәмдам бир киши,
Дәўлетярдың сизлер қәдирдан досты,
Саўлық билен несип тартқан жайлары.

Алқысса бул сөзден соң йигитлер:
—Әй Дәўлетярбек бизлер далаға чығып, яқшы-яманды көрмедик—деди. Анда Дәўлетярбек йигитлерине қарап бир сөз деди:

Пәлек йуз мың әлўан дөнер,
Әжеп замана-замана,
Кеўил берип, сыр алдырмаң,
Ҳәргиз ямана, ямана.

Яман ҳечўақ яқшы болмас,
Қараны жуўсаң ағармас,
Яқшылардың қәдрин билмес,
Ғийбат жамана, жамана.



Жай чекип оқлар атқанда,
Бедеў терлеп ат чапқанда,
Сыр берип, сырың алғанда,
Түшер гүмана, гүмана.

Яманнан ҳеч қайыр келмес,
Ашың жер, бәд иштен дөнмес,
Сен дос билсең, ол дос көрмес,
Қоймас амана, амана.

Дәўлетяр дер өтти заман,
Не яқшы калды, не яман,
Коймақ душпанларды аман,
Нәлет ямана, ямана.

Алқысса бул сөзди айтып болғаннан кейин бир йигит:
—Әй Дәўлетярбек аға, адамның ең жақын досты ким болады?—деп сорады. Анда Дәўлетярбек турып, йигитниң саўалына жуўап берип:—адамның биринчи досты ҳаялы, екинши досты аты болады—деди. Анда саўал берген йигитке тәрип етип, Дәўлетярбек бир сөз деди:

Тәрип етсе дослар қызы-жаўанды,
Не әжеп жананлар жаныңнан яқшы,
Ақ көкси бейишдей қойны жәннетдур,
Сийнесинде алма нарынан яқшы.

Жигиттиң дәўлети, аты муратдур,
Дуньяда яратқан бир яқшы затдур,
Ат йигитке учар қуйрық қанатдур,
Ол екеўи бири-биринен яқшы.

Бир алма көз бенен таза жаўаны,
Иззат, икрам билен сақласаң аны,
Дуньяда йигиттиң қалмас әрманы,
Ол екеўи дунья малыңнан яқшы.

Қағаздан ақ қоллар, жиңишке беллери,
Истасаң қадирини таза гүллери,
Щаккар езген татлы шийрин тиллери,
Абы ҳаят кәўсар суўынан яқшы.

Дәўлетяр дер мен ямана доланман,
Мың яман келинди бир қыза алман,
Ңәкестиң ишине қулағым салман,
Парқы бир яқшының яманнан яқшы.

Алқысса бул сөзди тамам етти. Анда алды кеч еди. Йигитлер айтты:—булар қалый адам емес екен дегенде, Шаҳсәнем Ғәриптиң руҳлары булардың алдынан салам берип өтти. Анда йигитлер шул йерде мийман болдылар. Атларын жиберип чай-тамақ ҳәзирледи. Дәўлетярбек қоржынынан бир нече шийше мәй алып қуя башлады. Касаның бирин өзи ушлап йигитлерге қарап бир сөз деди:

Қадыр алланың суннийден,
Келиң беглер гәшт етали,
Жүрек дәрти жанғанына,
Сүний шарап нуш етали.

Каса тутыңлар дамбадам,
Не қайғы қалсын недур ғам,
Алтын каса гүл-гүл жам,
Ичип базми нуш етали.

Кимларден қалды дер буны,
Кимлер бинә кылды аны,
Бизден бурын келген қаны,
Кеўил ачып хош етали.

Душман майданда көринсе,
Ҳәр ким ығбалынан көрсе,
Алла бизгә абрай берсе,
Атып-чаўып лаш етали.

Дәўлетяр дер ойнап-күлип,
Дүньяның ялғанын билип,
Халкым учун қылыч урып,
Ыйманды йулдаш етали.

Алқысса бу сөзди тамам етип, шу ақшам болып, ерта билен атқа йер салып жолға раўан болдылар. Таў үстинен бир топар кийик чығып, жигитлер ат койды. Бир нечесин айырып ушлап Саркуш ат кийик ал-



дын орап көп санда кийик алдылар. Анда Дәўлетярбек атын мақтап бир сөз деди:

Ҳақ әзелден жаратыптур,
Бир әжайып затдур бедеў,
Жәннетте пырақ дейишиптур,
Жалғанчыда атдур бедеў.

Саңа бир сыр йүз мың түмен,
Жетти ықлым малына бермен,
Болса да дүньяны саўман,
Бина болып затдур бедеў.

Қақтырсам нәлиң гүмиштен,
Башың артық Мажнун қуштан,
Берсем жемиңди жемиштен,
Жанға рәҳәт атдур бедеў.

Ғош жигит минсе үстине,
Жылаўың тутса дәстиме,
Дәст берсе алла хусныңа,
Бир артықмаш дәўлет бедеў.

Дәўлетяр дер жолдаш болан,
Бизге ғошшы сырдаш болан,
Қыйын күнде муңлаш болан,
Қуўса жетер басып бедеў.

Алқысса нече күнлер жол жүрип. Орта қуйы деген бир жерге түштилер. Анда Емирели халқы, Ата халқы жайлашқан еди. Анда бир жигит шул елдан ғайбана келип дос болды. Шунда олар Дәўлетярға кеўил билдирип, оның башынан өткен ўақыяларды ешиткеннен кейин бир сөз деди:

Ер жигит башына көп ишлер келер,
Не учун қайғыланып ғамғын боларсаң,
Өзи туўған ерге бир ўақ күн туўар,
Аман болсаң қайтып елге барарсаң.

Жигиттиң мурады чанчып ҳәм йықмак,
Нәмәрттиң ишидур бүркенип жатмак,



Informasiyalıq resurs orayı
53086

Халқы учун бир абыройлы иш етмақ,
Өлсең шейит, өлтирсең ғазы боларсаң.

Қайтқыл пикириннен, қайғыға батма,
Ҳийлеге баш қошып доланып жатма,
Ялғанчы дүньяны итибар етма,
Қара жерге бир күн дапин боларсаң.

Атсызға ат бергил, тонсызға тоның,
Жомартлық иш қылғыл аяма барың,
Әўалында ҳәмра болса иманың,
Мураду-мақсетиң асыл боларсаң.

Дәўлетяр дер бу дүньяның мурады,
Сениң билен кетсин бир яқшы аты,
Душпанға топылып салсаң ғайраты,
Аўазаң аламға толы боларсаң.

Алқысса Емирели, ата халқы билен танышып, билишти. Халық ичинде бир дәрўиш бар еди. Оны зиярат қылдылар. Дәрўиш оларға қайдан келдиң деп бир сөз деди:

Қутлы болсын беглер сапар қадамың,
Сорарман жанларым қайдан боларсаң,
Алдыңда талабың сапар чегипсең,
Халқың учун нече қылыч урарсаң.

Балқан таўда уч юз алтмыш әўлия,
Бурын өткен олар нече анбия,
Башыма иш түшса чақырсаң ая,
Мениң ата-бабам шунда көрерсең.

Дүнья бағы қалмас яқшы ат қалар,
Бул дүньяға келген бәриса өлер,
Башыңа билмесең көп ишлер келер,
Ямана душ болсаң ғапыл қаларсаң.

Ҳақ зикирин умытмағыл тилиңден,
Ерлик дәўраныңды берме қолыңдан,
Жети жылда хабар келер елиңден,
Аман болсаң қәйтип елге барарсаң.



Бир адамман мен ғәрипти де көрсең,
Атыма-шайықы бир дәли дерсең,
Ықлас билен мени чөлде чақырсаң,
Истасаң ҳәзирмен анда көрерсең.

Алқысса Дәўлетярбек бул йерден атланып жол тартып барар еди. Узақтан еки қызарған қараны көрди. Анда жигитлер бул көринген қара жолымызға кес болмасын деди. Дәўлетярбек жигитлерине „еки начардан бурын жолды кесип өтиңлер деди!" —Ҳәмме ат қойдылар. Анықлап көринген қараға қараса бир келин билен бир қыз екен. Олардан бурын жигитлер жолдан өтдилер. Дәўлетярбек атының башын бурып, келинчектиң янына келип, сазын қолға алып бир сөз деди:

Дәўлетярбек: Қыз-жаўан қайдан келерсең,
Жанлар паяндоз жолыңа,
Келин бир жан көришели,
Қолларым берсем қолыңа.

Келин: Бул ерде көришмек болмас,
Сиз билен танышмақ болмас,
Мен бир келин, бу бир яш қыз,
Жүре бер, турма жолыңа.

Дәўлетярбек: Жүзиң айдан алар божы,
Ашықның болмас илажы,
Сизлер каба, биз бир ҳажы,
Зыярат әйлесем саңа.

Келин: Ҳажы болсаң мунда турма,
Бузық ишге кеўил бурма,
Намаҳремниң жүзин көрме,
Айналма өткил жолыңа.

Дәўлетярбек: Аманат чыққысыз жандур,
Жигитлик беш күн миймандур,
Бу дүнья азғана күндур,
Рахим әйлегил ҳалыма.

Келин: Бийҳуўда сөзди билманам,
Биймәни сөзге уйманам,
Намаҳрем жүзин көрманам,
Жүребер турма жолыңа.

Дәўлетярбек: Кызларға алма берали,
Ол дәли жолға салалы,
Сизлер билен отыралы,
Ашсам ашық жолларыны.

Келин: Қызлар алмаңды ада етер
Ашықлығың бир пул етер,
Туўры жолға жүрсең нетер,
Жүрмең бузық жолларына.

Дәўлетярбек: Дәўлетяр дер кетмак болмас,
Сизди ташлап өтмек болмас,
Кеўлим истер қызды талўас,
Салсам қолларым мойныңа.

Келин: Мен бир келин, қыз қуп жамал,
Тәңирим сизге берсин камал,
Нийетиңди айтқыл дәрҳал,
Жүрме бузық жолларына.

Алқысса Дәўлетярбек келинниң пикирин билип, артына қарап турған кыздың қашына келип, сазын қолына алып бир сөз деди.

Дәўлетярбек: Кыз бала қайдан келерсең,
Сөзле шийрин тиллериңнен.
Я малик, хүри, перисең,
Хабар бергил еллериңнен.

Қыз: Алла салған аҳыў-зардан,
Келермен бағыў-гүлзардан,
Ҳәзиретимниң әўладыман.
Хабар берсем еллеримнен.

Дәўлетяр: Әўлад болсаң бизлер хүммет,
Қылалы бир ерде суҳбет,
Жигитлик беш күн ғанимет,
Терсем бағда гүллериңнен.

Қыз: Шаҳимардан зыяратым,
Шулдур мениң ықтықатым,
Ғучмақ мәнисин уқмадым,
Тартып сөйле тиллериңди.



Дәўлетяр: Жылўа билен жол жүргениң,
Аларсаң ақлын көргенниң,
Әрманы жоқтур өлгенниң,
Дастанып ақ қолларыңнан.

Қыз: Яқшы яман көп дүньяда,
Олла кирмең жаман дәрда
Бийгуна жанарсаң отка,
Жүрмең бузық жоларыңнан.

Дәўлетяр: Чөлде газген марал каби,
Хақылым бийқарар каби,
Көксинде алма нар каби,
Үзсем бағда гүллериңнен.

Қыз: Кеўилимди жуўдым туйиб,
Душ келдиңиз илми-ғайыб,
Бийхуда сөзди созлайыб:
Берман сизге гүллеримди.

Дәўлетяр: Дәўлетяр дер танымайсаң,
Я танып көзге илмейсең,
Бул сөзиңде сен кимдерсең,
Нәсип етсе дийдарыңнан.

Қыз: Яқшы жигит саҳат заман,
Дүнья өтер әрман-әрман,
Атам сизге берман аман,
Үзгил үмит жанларыңнан.

Алқысса йигитлер булар менен дакыллашып, атларын ҳайдап жол тартты. Бираздан кейин күн бултлашып даўыл пайда болды. Изи қараңғы зимистан болып, жолды көре алмастай аўҳал болды. Анда жигитлер „Әй Дәўлетяр аға, сиз бузық ишге кеўил бурғаныңыздан бундай болды", — деди. Анда Дәўлетярбек сазын қолға алып, жигитлерине қарап бир сөз деди:

Ғош жигитлер ғамғун болар,
Дәўлети бисяр болмаса,
Жүйрик бедеў кескир қылыч,
Қолында таяр болмаса.

Ержигитке дәўлет бақар,
Дәўлет келсе суўдай ағар,
Мәрт жигитлер журттан чығар,
Адалатлы хан болмаса.

Истеген таппай зар болар,
Жетер жетпеске хор болар,
Бир ғош жигит қаллаш болар,
Қолда дүнья мал болмаса.

Душман келип ат салалар,
Қылычынан қан тамалар,
Ат салып атым алалар,
Жыйында басчым болмаса.

Алқысса бул сөзди айтып тамам етти. Думан ачылды. Алам минаўўар болды. Қараса түркмен еллерине келгенлигин билип, Мамеджан Сардарның үйин сораштырып таўып алды. Мамеджан сардардың ағайинлери буларды күтип алды. Еки үй тигип қонақларды иззетте қойды. Түркмен елиниң жаш үлкен адамлары Дәўлетярбек билен танышмаға келдилер. Жигитлер төрден орын берип аманлашдылар. Түркмен елиниң яшуллылары керегеде турған дуўтарды көрип. —әй жигитлер, дуўтар көринеди. Бақшыңыз бар болса, саз чалып, айтым айтып бериң, бизлер бурынғының адамларымыз,—деди. Анда Дәўлетярбек „бақшы жоқ, якшы сөзиңиз сынмасын“ деп, сазын қолына алып, нешше ерлерден тымсал келтирип, бир сөз деди:

Адам уғлы тиш чықарар,
Аўелҳа бир яша жетсе,
Таныш ол ата-анасын,
Ат қойып көз қаша жетсе.

Уч яшында шийрин тилдур,
Төртинде сайрар бүлбилдур,
Беш-алтыда қызыл гүлдур,
Көз таныш сырдаша жетсе.

Жети яшта мактабхана,
Оқып ҳәрип зикри-сана.



Қуўанышып ата-ана,
Шад болып мурада жетсе.

Чықса он уч, он төрт яша,
Ышқы әсери тушер баша,
Мәлим болып теңи душа,
Күн өтип жыл санға жетсе.

Жигирмада ат ойнатып,
Абырай истеп ерлик етип,
Ақ үйде әширетлер тутып,
Мурады мақсада етсе.

Жигирма беш ажап жашдур,
Билсаң ғайрат кеўил хошдур,
Ержигиттиң өмири йошдур,
Ғоч жигит камала жетсе.

Отыз жашта пил кучинде,
Көтерерлер қол учунда,
Туйдырмаслар қылычында,
Дәрья ағып қана жетсе.

Ақылы тоқтар қырқ яшында,
Ул-қызы жүрсе қашында,
Ғапыл адам шул яшында,
Билиң тақыйық жанға жетсе.

Жигитликтиң соңы елли,
Ҳәр бир ишиң болар белли,
Жамғыры жоқ қуры желли,
Кеўил бир мийзана жетти.

Алтмыш яшта тиш төкилер,
Жетмиш яшта бел бүкилер,
Көрер көзге ғубар келер,
Ишиң пушаймана жетти.

Сексен яшта жан айбынар,
Тоқсан яшта тон жабылар,
Сийрек келер кеўил билер,
Кеўил бир зиндана жетти.

Дәўлетяр дер адам уғлы,
Юз жашасаң белли-белли,
Қайсы адам барса иманлы,
Жаннатте сайрана жетти.

Алқысса бул сөзди тамам еткеннен соң ғаррылар „ғаў айтыян“ деп, „айта бер уғлым“ деп жақын келе берди. Дәўлетяр сазын қолына алып, бир сөз деди:

Әўел башта ержигиттиң,
Бир дәўлетли башы керек,
Я қылычы, я қылығы,
Я қазанда ашы керек.

Жигиттиң болса дәўлети,
Мәрт болып туўса зуряты,
Жанында беш-он жигити
Ағайин-туўғаны керек.

Урыш майданға кирмеге,
Қарсы турып оқ урмаға,
Сыр берип, сырын алмаға,
Жүрекли жолдашы керек.

Мәрт ким жылаған күлдирсе,
Ерлигин елге билдирсе,
Атып душманын өлтирсе,
Чул майданда лашы керек.

Дәўлетяр сен ҳақтан тиле
Ешкимлерден етме гийне,
Ялғаншыда абырай биле,
Иманы, жолдашың керек.

Алқысса шул ўақытта жашүлкенлер өз елинде болған бир адам екен деп шыбырлашдылар. Анда яне Дәўлетярбек сазын қолына алып бир сөз деди:

Бир қудайым дәўлет берсе,
Жигит ығбалы көринер.
Астында жүйрик бедеўли,
Үйинде мийман көринер.



Нәмәрт мәртлердей болалмас,
Урыш болса жаўға бармас,
Ат жарақ көзге көринмес
Қайғы аңа жан көринер.

Парқы бар нәмәрттиң мәрттен,
Қылыш кесер әреб аттан,
Бир ғоч жигит бир жат журттан,
Қорқа берсе қош көринер.

Дәўлетяр сен ҳақтан тиле,
Қулақ салсанлар сөзиме,
Қорққан муханнес көзине,
Беш-он киши хан көринер.

Алқысса бул сөзден кейин жашүлкенлер яне „бу адам башына бир иш түшип келген, ичинде бир дәрти бар жигит екен“—деп шыбырлашты. Анда бул ўақыяны Дәўлетярбектиң қулағы чалып кетти. Ғаррылар айға бер уғлым деп, тәклибин тутып, тым-тырыс қулақ салып отыра бердилер. Анда Дәўлетярбек сазын қолына алып, бирнеше йерлерден тымсал келтирип бир сөз деди:

Бир мәрттиң башына мүшкил иш түшсе,
Тирилиги аның гуман керекти,
Жат келалмас әтирапына қашына,
Ағайин-ғарлашы туўған керекти.

Дүнья малы көринмасдур көзине,
Достына опалы, бийдур сөзине,
Мәрт гошшақ жигитлер ерсе изине,
Ер жигитке ақыл, абырай керекти.

Ат тарталмай жигит жаўда қалғанда,
Жолдаштан айрылып танҳа болғанда,
Душман қоршап әтирапыны алғанда,
Кескир қылыч атқыр каман керекти.

Майдан узра Рустам киби айбатлы,
Шерлердей ғайратлы арыслан сыпатлы,
Астына мингени Сарқуш ғыйратлы,
Мәрт жигитке Шаҳимардан керекти.

Дүнья малы көринмасдур көзине,
Достына опалы бийдур сөзине,
Мәрт ғошшақ жигитлер ерсе изине,
Ер жигитке ақыл, абырай керекти.

Кескир қылыч тилла пычақ белинде.
Сөйлегенде дур сачылар тилинде,
Хорезм журтымда, туўған елимде,
Теңи-душым шул күн мәртлер керекти.

Дәўлетяр дер ҳижран қана жетипти,
Кем-кем баштан ашып жана тийипти,
Дослардан шапаат, мийрим кетипти,
Бүгин Карам паслы суҳбан керекти.

Алқысса яшыуллы адамлар кем-кем сөз мәнисине түшинип, яне „айта бер уғлым“—деди. Анда Дәўлетярбек өзиниң басындағы ғаўғаларды бир-бир баян етип, „буларға бақшы керек, ал мениң болса қайғығулпетим басымнан ашып атыр“ —деп сазын қолына алып бир сөз деди:

Бүлбил куррам болып қалай сайрасын,
Бағын казан урып гүлден айрылса,
Бир ер жигит ғамгун болмай нәйлесин,
Пәлек ҳәсирет билен елден айрылса.

Фарҳадтың наласы даммудам менде,
Қайғылы саўдалар өсер ҳәр күнде,
Чөли баябанда зар чегер жерде,
Өрдек-ғазлар бир күн көлден айрылса,

Бу дүнья дегениң өтмели заман,
Бармекен дүньяда өлместен қалған,
Өлим ҳақ буйрығы, айралық яман,
Жигит қаллаш болур малдан айрылса,

Патша, ханлар минген тахтынан түшер,
Ер жигит ығбалы бақтынан түшер,
Алма көз бедеўлер рахтынан түшер,
Қуйрығы төкилип жалдан айрылса.

Коллары меҳирли ханы-беглердиң,
Эгер Жамшидөлсе я Искендериң,



Жарашығы болмас небир беглердиң,
Қатарынан қалып саннан айрылса.

Ҳәркимниң дәўлети болса басында,
Ағасы-иниси жүрсе қасында,
Ҳәр ким өз елинде, теңи-тушында,
Қәдри болмас жигит елден айрылса.

Бириси аўдарып бири суў қуяр,
Бирин суўат етип, бириси уйыр.
Ҳәр кимди апарып бир гәрге қояр,
Эгер патша-гада жаннан айырылса.

Дәўлетяр дер ҳақыйқаттан майышып,
Хаққа қайыл болып журтыңнан кетип
Ҳақыйқат, тарийхат ҳақ жолға түшип,
Мәрттиң қадри болмас ардан айрылса.

Алқысса бу сөзди тамам еткеннен соң үйдиң сыртында сыбырлы сес көбейди. Келип тыңлап турған бир топар қызлар еди. Алды жигирма беш, кейни онбеш жашар қызлар үйдиң ешигинен келип кире берди. Ал ғаррылар болса кеўишлерин таўып алып далаға чықтылар. Қызлар келип отырғаннан кейин олардың ишинен бир бәрнә қыз „Эй Дәўлетярбек аға, бизлер ҳәм заманымызда қыз болып камала келдик. Сиз яшуллыларға бир қанча ўақыт сөз айтып, саз чертип бердиңиз. Енди бизлердиң пайымызға ҳәм қошық айтып бериң“ —деп тилек еттилер, Дәўлетярбек сазын қолына алып, қыз болып камалға жеткенин қартайғанына чекем баян етип, нече йерлерден тымсал келтирип бир сөз деди.

Қыз бала он төрт жашында,
Онтөрт күнлик айға мегзер,
Онтөрт.онбеш жашларында,
Ҳайт-мереке тойға мегзер.

Он алтыда айдан арыў,
Он жетиде күннен сулыў
Жылўа менен жолда жүриў,
Ҳәр бир зулпы тарға мегзер.

Жигирмада хусни камил,
Көрген жанлар болып майыл,
Ғош жигитлер болып сайыл,
Мың жорғалы байға мегзер.

Жигирма беш жашқа келди,
Үй-руўзигер қәдирин билди,
Көргенлердиң баўырын тилди,
Осмалы қаш жайға мегзер.

Алтын гәўҳарлар башында,
Саранжам иштиң қашында,
Нышан енген соң чачына,
Бир суў түшкен көлге мегзер.

Келиндур отыз жашында,
Ул-қызы жүрсе қашында,
Үй ийеси қырық жашында
Бир кәйўаны үйге мегзер.

Еллиде зүряттан қалар,
Қаррылығы басым болар
Алтмыш, жетмиш жашқа келер,
Гия бермес жерге мегзер.

Дәўлетяр дер дүнья ялған,
Өтер кеўиллер бийпаян,
Сексен, тоқсан юзда болан,
Қуры кеўили жашқа мегзер.

Алқысса бул сөзден соң қызлар уялып, далаға чығып кетти. Анда Дәўлетярбек жигитлери билен шул ақшам мийман болып, бир жигитин қараўыл етип қойып еди. Ол жигит ярым ақшам ўағында хабар берди: „Дәўлетярбек аға, узақтан бир чаң көринеди“, —деди Анда Дәўлетярбек далаға чығып қараса, жүз чамасындағы атлыларға көзи түшти. Башлап киятырған адамды көрип, оны танып ичке кирип, Мамеджан сардарға қарап, сазын қолға алып бир сөз деди.

Сүйинши бер шадлық бүгин,
Досты-ярларым келипти.
Бизди излеп Хорезмнен,
Қәдирдан мәртлер келипти,



Алтын ийер әреб атлы,
Тубылғы қалқан саўытлы,
Ҳасыл жипекли-маўытлы,
Бир топар ерлер келипти.

Ҳәр қайсы таўдың бөриси,
Бәрчеси журттың өреси,
Жүзинде нуры шәўлеси
Ныяз уғлы хан келипти.

Яўмыттың белли яқшысы,
Бели камандай оқшысы,
Қашында сазенде бақшысы,
Кеўили қошяр келипти.

Саркарда әскер башы емиш,
Ачық кеўил жомарт емиш,
Қыяметлик ғардаш емиш,
Ағайини ер келипти.

Жаў жарақлы аты-шайлы,
Қолда қылыш сары жайлы,
Дәўлетяр дер мыңға тайлы,
Қәдирдан мәртлер келипти.

Алқысса бул сөзди айтып болғанча Хорезмниң жигитлери кирип келдилер. Буларды аттан түширип миймап етип алдылар. Олар Дәўлетярбекке алып келген саўғаларын берип үч күндей дем алып елине қайттылар. Алғарез булар кеткенсоң Дәўлетярбек Саркуш атының жанына барып қараса ат көзлеринен жаш төгип, алдына салған отын жемей турған екен. Дәўлетярбек атына қарап:

Мен сени сүйермен Сарқушым жаным,
Сениң йығлағанын көзим көрмесин,
Сана қурбан болсын бил ҳәрне барым,
Яқшы-яман күним сенсиз болмасын.

Ҳәрсаҳар барарем жанында турып,
Шүкир қылар едим жамалың көрип,
Кәкилиң жуўдырып, жалынды өрип,
Айтар едим бир намаҳрам көрмесин,

Өскен бағда гүлин қазан солдырып,
Өмирим паймапасын турма қуўырып,
Әжел жамын әкелсе де толтырып,
Тийсе маған тийсин саңа тиймесин,

Бар еди Ҳәўестим ҳәр бир ойнына,
Жарашықлы еди жалың мойнына,
Сени минсем жетмес душман кейниме,
Әжел маңа болсын, саңа болмасын.

Саңа тийген оқлар мени жайласын,
Саңа учқын түшсе мени отласын,
Мениң жаным сениң қурбаның болсын,
Барлық бәле маңа, саңа болмасын.

Дәўлетяр дер пийрим я шаҳимардан
Мениң бул дәртиме берегөр дәрман,
Сарқушты йығлатма мени ҳәм гирян,
Достым йығлап, душманларым күлмесин.

Алқысса йигитлер атты жетелеп, гездирип, от-жем берип ат яқшы болды. Ертең азанда қырқ жигиттиң биреўи: „Эй Дәўлетярбек аға, бизлер урыш көрмедик. Тосаттан Хийўа ханнан адам келсе, не қыламыз бизлерге урыш тәргибин түшиндир"—деди. Анда Дәўлетярбек жигитлерге қарап, сазын алып бир сөз деди:

Ер жигит башына не ишлер келер,
Неге қайғыланып ғамғун боларсаң,
Өзи туўған ерге бир күн күн туўар,
Аман болсаң қайтып елге барарсаң.

Жигиттиң мурады чанчып ҳәм жықпақ,
Нәмәрттиң ишидур бүркенип жатпақ,
Халыққа мәлим болып абырайды тутмақ,
Өлсең шейитликте ада боларсаң.

Мәрт болан қыйналып қайғыға батмас,
Ҳийлеге баш қошып бүркенип жатмас.
Ялғаншы дүньяны итибарға алмас,
Бир күн қара жерге дәпин боларсаң.

Агсызға ат берип, тонсызға тонын,
Жомартлық атың бар аяма бәрин,



Әўелинде ҳәмрә болса ийманың,
Мурады-мақсудың ҳасыл боларсаң.

Дәўлетяр дер бу дүньяның мурады,
Сениң билен кетсин бир яқшы аты,
Душмана топылып салсаң ғайраты,
Аўазың әлемге толы боларсаң.

Алқысса шул ақшам жатып, ерте билен қараўыл қараса Мамеджан сардар аўылын қоршап қиятырған көп қолды көрдилер. Әне Дәўлетярбек жигитлерин чақырып, сазын қолына алып бир сөз деди:

Ким мәрт болса барып кирер майдана,
Нәмәртлердиң барлығыны истамас.
Иреңки учун башын тығар панаға,
Жалтаң болып қарап турмақ истамас.

Муханнестиң абырайы жоқ мудамы,
Бағман болан жаға билмес гулшаңды,
Мәрт жигитлер көре қойса душманды,
Саўаш қылар сағат заман истамас.

Нәмәрт киши қыла билмас ишини,
Жаман күнде төкер көзде яшыны,
Мәрт халкы учун қурбан етер башыны,
Нәмәрт адам ҳәргиз майдан истамас.

Әўлийелер машқул болар дууаға,
Қалқан болар көктен келген бәлеге,
Көзи яшлы көңли мудам қудаға,
Бийқайғылар ҳәргиз аман истамас.

Қорқақ адам урышмақты истаса,
Душпанлары ўайран етер ушласа,
Келип душман тумлы-тушын қыстаса,
Ташлап қачар қайтып мәкан истамас.

Алқысса жигитлер бул сөзден кейин. „Эй Дәўлетярбек аға, батырлықтан бир ўәсият айтып бериң", —деди. Әне Дәўлетярбек сазын қолына алып бир сөз деди:

Бир мәртке нәмарттиң жүзи тең келмес,
Нәмарт тура билмес майдан ичинде.
Мухаииес қан көрсе урышқа кирмес,
Мәртке қайғы келмес майдан ичиндә.

Мухаииестиң абырайы жоқ, аты жоқ,
Ол бәленин сийнесиниң оты жоқ.
Ер жигиттиң жақыны жоқ, жаты жоқ,
Жолдашын қалдырмас майдан ичинде.

Беглер ат ойнатып таўлардан ашып,
Халқы учун мәртлер жанынан кечип,
Ел уғрысы душпан менен чаташып,
Урышайық бугун майдан ичинде.

Алма көз бедеўлер шабыштан терлеп,
Мәрт жигит алдыны, артыны серлеп,
Таўлар саза берсин, көк жүзи гүрлеп,
Ерликке бел байлаң майдан ичинде.

Душман билан қаршылашып уғрашур,
Майлана киргенде жүреклер жошур,
Сыр берип, сыр алмақ мәртке жарашур,
Муханнес башқармас майдан ичинде.

Дәўлетяр дер пийрим Алий жолдашым
Әндийше кеўлимде қайғысыз башым,
Халқым учун калса майданда лашым,
Алла мен қайтмасман майдан ичилде.

Алқысса Дәўлетярбек баш болып жигитлерди изине ертип, Мамеджан сардарда елиниң адамларын жыйнап урыш майданына чықтылар. Қаршы келген Иран патшасы Ибраҳим хан ләшкерлери екен. Хийўа ханы 17 ханға хабар жиберип, Дәўлетярды ушлаў мақсетинде сораў салған еди. Ел четинен Дәўлетярдың шу ерде барыны билип, қоршаў салған қушайды.

Ендиги сөзди Дәўлетярдан алың. Дәўлетяр баҳадыр жигитлери менен бирге қылыч, сарыжайларын қолға алып, Иран ләшкерлерине қаршы келдилер. Ат жығылды, адам өлди, алапурқан чаң болды. Адамадамды көре алмастай заман болды. Арадан үч күн өтти. Жигитлердиң бир нечеси жарадар болды. Дәўлетярбек қапа болып бир төбениң башына келди. Ат үстинде чарчап турып еди. Көзи уйқыға кетти. Бир топар қойды түшинде бир бөлек қашқыр келип қуўып, қойлар қачып атырған ўақта бир адам келип, қой баққан чопанды тутып алды. Ол адам Дәўлетярды чақырды. Дәўлетяр келип салам берди. Ол Дәўлетярбекке қуш берди. Дәўлетяр қараса куштын аяғында 63 баўы бар. Дәўлетяр ҳайран болып сорады. Анда ол адам:

—Эй Дәўлетярбек, билгил, ўа эга бол, қой сениң жигитлериң, қашқыр Иран ләшкери деди, сен болсаң чопан, бу қуш сениң пйманың, аяғындағы 63 баўы пайғамбар жашы деди... Ҳәзир қолға түшесең, бир нечелерди чапқаның ушын үч жыл зинданда гриптар боласаң —деди. Дәўлетярбек сескенип оянып кетти. Қараса жигитлери ҳәр тәрепке қачып кеткен екен. Дәўлетярбек қылычын қолға алып қәҳәр билен душманға урыш салды Қырғын урышлардан соң ортада жалғыз қалған Дәўлетярды Иран ләшкери қоршап алып, аты билен өзин тирилей қолға түширди. Дәўлетяр тумлы-тушынан зақымлар болды. Иран ләшкери Дәўлетярбекти алдына салып, Иранға алып қайтты. Нече күнлер жол жүрип патшасына саўғат қылды. Патша Дәўлетярдан бир нече қәлийма сөз сорады, Дәўлетярбек жаўап бермеди. Патша әмир қылды. Зинданға салды. Дәўлетярдың қырқ жигити елине қайттылар.

Ендиги сөзди Дәўлетярдың анасынан ешитиң. Анасы Ертуўған бир кече түш көрип, келини билен қызына жорытып, бир сөз деп баласын аллаға тапшырдым деди:

Йаратқан жаббарым пәрўардигарым,
Мен бүгин жалғызым саңа тапшырдым,
Халық етип жараттың әўелден жаным,
Көзимниң рәўшаныи саңа тапшырдым.

Өмиримниң қуўаты, диним ҳаяты,
Бир ерден көргеним жалғыз зүряты,
Баш жолдашы минген Саркуш ғайраты,
Арысланы-шеримди саңа тапшырдым.

Аты жоқ жанында зийнин бош көрдим,
Башын алып турған қара қуш көрдим,

Ҳәрне бәле болса өзиме жорыдым,
Шийриӊ зибанымды саӊа тапшырдым.

Бир әжеп саўда бар балам басында,
Ҳақтан өзге ҳеҷкимлер жоқ қасында.
Балам быйыл әйне отыз жасында,
Кеўил гүлзарымды саӊа тапшырдым.

Бир начар бендемен жолында зағыйып,
Жалғызым әйлеме көзимнен ғайып,
Жигит өлип кетсе дәўлетим тайып,
Кеўил мурадымды саӊа тапшырдым.

Ҳәр күни ертеден жаныма келип,
Қолларын қуўшырып саламын берип,
Не ерде олтырып, не ерде турып,
Учурдым шуӊқарым саӊа тапшырдым.

Алқысса арадан бир неше күн өтти. Дәўлетярбектиӊ жигитлери аман-есен елине жетти. Дәўлетярдыӊ қарындасы ағасын сорап жигитлерге қарап бир сөз деди:

Эрап атлы ғош жигитлер,
Мениӊ ағам қайда қалды,
Жолдаш болып кеткен жанлар,
Жол басчыӊыз қайда қалды.

Жаў жарақлы темир тонлы,
Ат жарақ, аспаплы шайлы
Урышта юзмыӊға тайлы,
Мениӊ ағам қайда қалды.

Саўаш күни Хайдар каби,
Ҳәм Малики эждар каби,
Рустам Искандар каби,
Аға жаным қайда қалды.

Келер айлар, өтер жыллар,
Көп йығлаған бир күн күләр,
Бир күн туўған бир күн өләр
Айтыӊ ағам қайда қалды.



Қайғысы жоқтур серинде,
Қәдири жоқ өз елинде,
Қарасы жоқ ҳақ кеўлинде,
Мениӊ ағам қайда қалды.

Тири болса үмитим бар,
Ҳаяттур көрсетсе жаббар,
Көрмеге болдым интизар,
Ағам мениӊ қайда қалды.

Ақылжан ақлын шашырды,
Достыӊ душманнан жасырды,
Шуӊқарым қолдан учырды,
Айтыӊ ағам қайда қалды.

Алқысса бул сөзден соӊ Дәўлетярдыӊ ҳаялы Сәрўикараман жүзлерин жыртып, баўырын қан етип, көз жасын көл-дәрья қылып, қалыў себеплерин сорап бир сөз деди:

Буннан кеткен боз шуӊқарым,
Ағалар сиз көрдиӊлерме,
Шөл жерлерде ақмаралым,
Қос жигитлер билдиӊлерме.

Өрдегим қолдан учурдым,
Ақыл-ҳуўшымды шашырдым,
Жанған отымды өчирдим'
Жанымды сиз көрдиӊлерме.

Дәрбентти кәпир алғанда,
Алла дийип ат салғанда,
Ат сүринип жығылғанда,
Досларым сиз көрдиӊлерме.

Урыштыма, талаштыма,
Яки бәленттен учтыма,
Өлдиме тири түштиме,
Сизлер оны көрдиӊлерме.

Нечук келдиӊиз уялмай,
Мәрт жигитлер жара салмай,
Ат жығысып адам өлмей,
Дәўлетярды бердиӊлерме.

Алқысса жигитлер Дәўлетярбектиң қалғанын айтты. Өлгенин көргенимиз жоқ деди.

Ал, ендиги сөзди бәнде болып түшкен Дәўлетярдан ешитиңлер. Неше жыллар зинданда жатты, зиндан қысыўмети ҳәм жанына батты. Бир күни Дәўлетярға зиндан башы аўқат алып келалмай бир иши болды Ол үйиндеги қызына балам зинданда жатқан бәндеге сен бүгин аўқат апарып бер".— деп тапшырды. Қыз аш қылып,гүзеге салып зинданга апарды. Дәўлетярға узатты. Дәўлетяр қараса бир қыз келип тур екен. Дәўлетярбек қызға қарап бир сөз деди.

Мен нәйлейин бундай ўақта,
Бир дилбардың дад әлинен,
Бәнделикте бул қысметте,
Дад әлиңнен, дад қолыңнан.

Гөззалардың шаҳымысаң,
Шамсы қамар маҳымысаң,
Қызлардың патшайымысаң,
Дад әлиңнен дад қолыңнан.

Гүлдей дөнеди жүзгенең,
Жанымды алды көзгенең,
Өртеди шийрин сөзгенең,
Дад әлиңнен дад қолыңнан.

Дәўлетяр дер интизарым,
Қолдан кетти ықтыярым,
Әрман билен қалды ярым,
Дад әлиңнен дад қолыңнан.

Алқысса бул сөз айтылып болған соң қыз үйине қайтып кетти. Бәҳәр болып қушлар узақтан келип атырған ўақ еди. Бир топар тырналар Дәўлетяр жатқан зинданды айналып ушар еди. Дәўлетяр туўған жерин сағынып, кеўли қамығып тырналара қарап бир сөз деди:

Қатарлашып тизилишкен тырналар,
Тырнам салам жеткер бизиң елере,
Айналып дүньяны еткен сайранлар,
Барсаң салам жеткер бизиң еллере.



Билманам не болды анамның ҳалы,
Қартайғанда қандай болды аўҳалы,
Көзи яшларының көпти обалы,
Салам жеткер барсаң бизиң еллере.

Ағам дийип йығлап жалғыз начарыман,
Арзыў әйлеп алған сүйикли ярым,
Мен болып айтагөр ҳалы аҳўалым,
Барсаң салам жеткер бизиң еллере.

Нече айлар нече жыллар мен мунда,
Үстимнен өтесең дамудам жылда,
Дәўлетярда юзмың андише жанда,
Барсаң салам жеткер бизиң еллере.

Алқысса бу сөзден соң тырналар жерге түшти, Дәўлетяр яне тырналарға қарап бир сөз деди:

Тырнам тәңри учун мениң саламым,
Муннан кетегөргил енди турмағыл,
Пайғамбар ҳаққы учун қудани билсең,
Айналмағыл енди тырнам турмағыл

Кимсе мылтық атар, кими жай тутар,
Қушларды салыўчи аўчилар жетер,
Мен сабабли сизиң башыңыз кетер,
Кетегөргил тырна енди турмағыл.

Ешбир жан көрген жоқ хабарын сизи,
Қушларни қутқармас қуўды ҳәм ғазы,
Алғыр лачын шуңқар, ителги тазы,
Аман қоймас сизди алар турмағыл.

Дәўлетяр дер арыз ҳалым сизлерге,
Муннан учып кетиң бизиң еллере,
Жығаларың алып берер қызлара,
Кетегөргил тырнам енди турмағыл.

Алқысса бул сөзден тырналар учып кеттилер. Ендиги сөзни Хорезм журтында Дәўлетярдың әкеси Ешмурат найыптың бир ашнасы бар еди. Оның баласын Ҳәбитбек дер еди. Атасынан Дәўлетярдың иран журтында бәнде болып түскенин ешитти.

„Әй балам Ҳәбитжан, мениң ашнам Ешмурат уғлы бәнде болып Иранға барыпты. сен шуған аш-нан, сар-пай елтип бер„—деди. Ҳәбитбек түрли инамлар алып, түйеге артып, Иран журтына кетти. Нече күнлер жол жүрип Иранға келди. Патшадан рухсат алып зинданға келди. Алып келген затларын узатты. Дәўлетярбек аўҳал сорады. Ҳәбитбек Хорезмдеги атаңның ашнасының уғлыман, атымды Ҳәбитбек деп атайды—деди. Анда Дәўлетярбек Ҳәбитбекке миннетдарлық билдирип бир сөз деди:

Нече жыллар жатыр едим зинданда,
Бүгин бизни келип көрдиң Ҳәбитбек,
Азап билен биз қалыпмыз ҳижранда,
Мениң ғәрип ҳалым сорсаң Ҳәбитбек.

Муханнес бир мәрттиң қәдирин билмес,
Адам мудам жылап гә мудам күлмес,
Туўғаным жақшылық ҳеч жерде қалмас,
Атың тоның мойнымызда Ҳәбитбек.

Яратқан яр болып кутылсам муннан
Мал жаным аяман туўғаным сәннен,
Досларым аўдарды жүзлерин меннен,
Пәлектиң гәрдиши бизге Ҳәбитбек.

Дәўлетяр дер ер башына иш түшер,
Яқшы күнде яман башынан шашар.
Урышқа кирмейин майданнан качар,
Мәртке майдан келсе қәне Ҳәбитбек.

Алқысса Дәўлетяр Ҳәбитбек билен хошласып қалды. Бир күни Дәлетярбектиң уйқысы келмей, ядына түрли аўҳаллар түшип, пирлеринен истанат тилеп, зар-зар йығлап бир сөз деди:

Ҳақ досты Ҳәбиби Расул мустафа,
Бизге бир мәдет бер қойма бу зара,
Қайғыда қалмышам. чекмишам, жафа,
Бизге бир мәдет бер, қойма бу зара·

Пийрим шайхы Жалил Я ўайис ата,
Не жаман ишлерин қылыпман хата,



Хожахмет Яссаўий я Ҳәким ата,
Бизге бир мәдет бер қойма бу зара.

Ахунбаба пайғамбарды көргенлер,
Баба камбар бизге мәдет бергенлер,
Гунам көптур қолым туткыл Еренлер,
Бизге бир мәдет бер қойма бу зара.

Палактиң чарықы дөнер юз алўан,
Адам бир кәрўандур әжел бир сарўан,
Хорезимде жатқан ҳәзирети палўан,
Бизге бир мәдет бер қойма бу зара,

Баҳаўаддин әўлийелер сәрўари,
Биздән бурын өткен о ҳәзирети Али,
Яд етип сағынсам әўлияларды,
Мана бир мәдет бер қойма бу зара.

Сөйт ата Пайғамбардың әўлады,
Алийдиң ғайраты ислам қуўаты,
Он бир Аҳмат ,жети султан ҳүммети,
Бизге бир мәдет бер қойма бу зара.

Дәўлетяр дер пийирим я Шаҳимарўан,
Абу Муслим билен Малики иждан,
Асен-Үсен билен жапары имам,
Бизге бир мәдет бер қойма бу зара.

Алқысса Дәўлетярбектиң еки көзи уйқыға кетти. Түшине бир нече адамлар кирип, көп нәсиятлар берди. „Балам қапа болма, яче он күннен зинданнан чиғарсаң“—деген сөзди ешитип, қуўанғанынан уйқыдан оянып кетти. Анда Дәўлетярбек көрген адамларын бир- бир баян етип нече ерден тымсал келтирип бир сөз деди:

Жатыр едим бир түш көрип оянды,
Бир бөлек жамуат келди яранлар,
Мениң учун көзде яшларын төгип,
Бир саат жанымда турды яранлар.

Дедилер қайтадан гунаң арылды,
Мәртликтиң нышаны енди танылды,

Шадлығың көбейип, қайғың тарылды,
Қутылдың зинданнан деди яранлар.

Бир киши келибам айттылар керек,
Он күннен зинданнан шығасаң сен деп,
Аны ким десалар ҳәзирети чак-чак,
Улық пирлер бәри келди яранлар.

Бирини дедилер ҳәзирети жамий,
Мурат ҳасыл болан Махсуди Камий,
Хожамет Яссаўий, Султаны Уббы,
Бирин Ҳәким ата деди яранлар.

Бирини дедиләр ҳәзирети Палўан,
Бири Сейит ата дөнер юз әлўан,
Били Ахун баба қублайы Жаҳан,
Пирләрим жәм болып келди яранлар.

Жалғыздың ярысаң жаратқан алла,
Сизге көп миннетдар болмышам олла,
Дәўлетяра мәдет бер иншалла,
Рухый пирлерим келди яранлар.

Алқысса зиндан башының қызы Ибраҳим хан қызына кыдырып барып, Дәўлетярбектиң шайырлығын айтты. Патша қызы бир топар қызларды изине ертип, көп инамлар алып, зинданның аўзына келип Дәўлетярға қарап бир сөз деди:

Қыз: Келипбиз сизни көрмеге,
Келиң меҳман танышалы,
Сизниң ҳалыңыз билмеге,
Келдик бүгин танышалы.

Дәўлетярбек: Келсеңиз бизди көрмеге,
Сизлер билен көришмайман,
Га якшы дең, гаҳа яман,
Сизлер менен танышмайман.

Қыз: Ҳәр кимниң бар опадары,
Кеўли қошқан қәдирданы,
Мен бир келин қызлар ханы,
Келиң бүгин танышалы.



Дәўлетярбек:—Қызыл башның қыз жаўаны,
Кеўлинде бардур әрманы.
Ҳәр кимниң бар жана-жаны,
Сизлер билен танышмайман.

Қыз:—Мәрттиң башына иш түшер,
Нәмәртлара не иш түшер,
Бу күнлерде бизден кечер,
Келиң жан бир танышалы.

Дәўлетярбек:—Ыразыман мен барына,
Сөз айтаман ҳәр мен келина,
Бәнде дурман мен елиңа,
Сизлер билен танышмайман.

Қыз:—Хан қызы қашыңа келип,
Алма, ғоз,шабдалы терип,
Инам әйлеп сизге берип,
Мирәтим бар танышалы.

Алқысса қызлар инамларын зинданға ташлап қайтып кеттилер. Патша қызы зиндандағы бенденең шайыр екенин патшаға айтты, патша зинданбашыға Дәўлетярбекни алып келиўди буйырды. Зинданбашы Дәўлетярбекни зинданан чығарып патшаға алып келди. Дәўлетярбек индамай тура берди.

Патша:

—Әй Дәўлетяр неге сиз бизге салам бермайсиз—деди.

Дәўлетяр:

—Сиз бизни үч жыл зиндана салдыңыз, мен сизгә не қылдым—деди. Патша:

—Әй Дәўлетяр сизиң елдиң дәстүр жамааты қалай —деди. Анда Дәўлетярбек:

—Бизге саз алдырып берин, саз ҳәм сөз билен елимди таныштырайын — деди. Патша саз алдырып, Дәўлетярбек қолына саз тийгеннен соң қыйлы-қыйлы қыялларға дөнип нече түрли нама чалып елин тәриплеп сөзин башлады.

Тәрип етсем ханым бизиң маканды,
Көзиң көрсе әжеп еллерим бардур,
Бүлбил мәкан етер бақчасы бағы,
Пардус Райхан аттлы гүллерим бардур.

Хожасы, Сейити, Шайықы Исламы,
Шайықы Кибира, Мухтар Ўәлий Аббазы,
Исми Мухаммеддур Үбби Султаны,
Ҳәзирети Палўандай пирлерим бардур.

Ата-анамыздың гәзген жерлери,
Отырықлы мәкан тутқан еллери,
Ат чаўып, күш салып өткен беглери,
Ийтиниң зербарақ жүнлери бардур.

Ләшкерлери бардур дәстеме-дәсте,
Юлдуз каби дерсан белинда писта,
Юз туманды қарыж әйлеп мәжилиста,
Атантай сарайлы беглери бардур.

Келер саўдагерлер ҳәр тәреп барып,
Ақ. қызыл дүньяны нар мая салып,
Мың туманны қайырына чақырып,
Бийесап дүньялы байлары бардур.

Улуғ-кичи тамашаға чақырар,
Дәрўаз ойнап, алтын қабақ арттырар,
Ат чаптырып катта күраш туттырар,
Мың туман байрақлы тойлары бардур.

Не гөззал қызлары бадам қабақлы,
Мың түрли қылықлы, писте додақлы.
Ләгли маржан киби тиши гәўҳарлы,
Қандай әсал шийрин тиллери бардур.

Тағы көп таўсипи бийесап кәны.
Бир шәҳәрдиң өзи сексен мың саны,
Алты мың алты юз баззаз дуканы,
Төрт мың мешит, бес мың тиллери бардур.

Хожели халқы дер егер шалыны,
Бийесап көпликтен билмес малыны.
Ғазлар учып, үйрек қонған көлини,
Юз жигирма башлы үйлери бардур.

Сәҳәр турған жанлар ҳақны излеген,
Туғры жүрип туғры сөзин сөзлеген,
Ясин оқып, тәспи сөзин гөзлеген
Ҳақ жаратқан ғәрип пирлери бардур.



Қоңырат деген халқы күнде той болар,
Ата-бабасынан келген бай болар.
Аталығы көпти, ханы бий болар,
Мәўиж урған дәрьясы, көллери бардур.

Зыяратқа барар Ҳәким атаға,
Нәзир, нияз берип тилек айтмаға,
Султан Үббий пири Сейт атаға,
Ықласы арзыўлы уллары бардур.

Ала қайыш турман, бедеўли атлы,
Арыслан айбатлы, Рустем сыпатлы
Шар айна тубылға, қулшуқ саўытлы,
Ислам деп шабысқан шерлери бардур.

Дәрьяның бул жүзин Маңғыт диярлер,
Атлас тоны, бәкир чекман кийерлер,
Жорға минип шикар чығып жүрерлер,
Алғыр лачын, суңқар құшлары бардур,

Уўытлы чылбырын белине тақар,
Бийесап дүньялы жылқысын бақар,
Койларының ҳәр биринен тон чығар,
Көп чаңарақ қалпақ еллерим бардур.

Алты сан алаш дер бийесап болар.
Чапқан ат алты айда айналып барар,
Алай, Шулай деген тиллери де бар,
Ғунан, дөнен тайдай койлары бардур.

Чөп башын жер олар еш нанды билмес,
Өзинен башқаны еч көзге илмес,
Бир батман май ичер еч көрдим демес,
Қурсағы сабадай бийлери бардур.

Қалғаны орысдур, қалмақ, чурчитдур,
Қорқмаслар ечкимнен қорқыныш жоқдур.
Постыны екидур, тумағы төртдур
Ат қылынан кийген тонлары бардур.

Диянаты өзгелерден мусылман,
Никалы, никасыз болған көп инсан,
Атлары Қабанбай, Күшикбай, Тотан,
Сырғасы төрт қарыс қызлары бардур.

Сырқылып жыйналған сары көллери,
Теке яўмыт, Көклен, Асан беглери,
Исламның қуўаты диниң шерлери,
Қатарда чубырған ерлери бардур.

Емиранлы қылышы, қара дашлысы,
Дастурханда чөрек наны ашлысы,
Ата халқы дәрўиш көзи жашлысы,
Өликти тирилткен жанлары бардур.

Патшасыны десем әжеп Шазада,
Шырўаны Әдилден көрсең зияда,
Арыслан айбатлы, Рустем зада,
Ҳәзирети Юсиптей жанлары бардур

Дәўлетярдер ҳаслы жайым Қоңыратдур,
Ғөруғлы, Юсиптен бәлки зиятдур,
Ығбалы жырақдур, талабы жатдур,
Жүрегинен чықмас әрманы бардур,

Алқысса патша:

—„Бир күн ичкенге қырқ күн салам"—деген, үч жыл бизден тағам жедиң. Жеген тағамыңның ҳаққы учун сени Асайы Мусайы менен айтыштырамап деди. Шу ўақ патша буларға биз ешитилмеген саздан чертиң, биз ешитмеген сөзден айтың деди. Анда Асайының саўал сорап Дәўлетярдың жуўап бергени:

Асайы: Бизиң билен таныш шаның алдында
Бир жуўап сорайын муннан хабар бер.
Кимдур қараңғыда, кимдур айдында,
Яқшы пәҳм әйлеп андан хабар бер.

Дәўлетияр: Танышсаң майдандур халықның алдында
Бизден жаўап сорсаң хабар шундайды.
Сизлер қараңғыда, бизлер айдында,
Түшинсең бул сөзге хабар шундайды.

Асайы: Нуў пайғамбар қай ўақ кемеде болды,
Ана сүтин Расул неге еммеди,
Не сахаба аның тили лал болды,
Шайыр болсаң бизге шуннан хабар бер.



Дәўлетияр: Нуў пайғамбар бир жыл кемеде қалды,
Нурдан жаратылды ичине толды,
Жабирайыл оқыды тили лал болды,
Ҳәзирети Муўсады хабар шундайды.

Асайы: Ол не дүрким аның қарнын жуўдылар,
Ол не екан ичмай жемей тойдылар.
Ол ким екан постың тири сойдылар,
Шайыр болсаң бизге шуннан хабар бер.

Дәўлетияр: Муҳаммед Мустафа қарнын жуўдылар,
Периштелер ичмей жемей тойдылар,
Нәсийминиң табанынан сойдылар,
Бизден жаўап сорсаң хабар шундайды.

Асайы: Ол не қушдур, қанат пәрсиз учадур,
Тилинен не түрли гәўҳар сачадур,
Билсаниз ол қуштың пәри нечедур,
Камил болсаң бизге шуннан хабар бер.

Дәўлетияр: Кеўил қушы қанат пәрсиз учады,
Шарийхат, тарихат дурлер сачады,
Әжел келсе кепиниңди пичәди,
Әжел бир саядур, жаўап шундайды.

Асайы: Ол не екен, көктен жерге қонмады,
Ол не екен, ырас сөзи болмады.
Ол не бағдур өз ийеси көрмеди,
Шайыр болсаң бизгә шуннан хабар бер.

Дәўлетияр: Тахты Мақбул көктен жерге қонмады,
Шайтанлардың ырас сөзи болмады,
Шәддат жапа шегип бағын көрмеди,
Бизден саўал сорсаң хабар шундайды.

Асайы: Асайы дер ҳәргиз болмас асасы,
Не зулматдур ҳәргиз болмас саясы,
Ол не қушдул ушюз алтмыш уясы,
Жасады бир, исими бештен хабар бер,

Дәўлетияр: Дәўлетяр дер шайтан болар асасыз,
Кәпир бир зулматдур болар саясыз,

Жыл бир қушдур ушюз алтмыш күн уясы,
Беш ўақ намаз билсең хабар шундайды.

Алқысса патша айтты:—Енди Дәўлетяр саўал берсин, Асайы жуўап берсин деди: Шул ўақта Дәўлетярбек сазын қолға алып саўал сорады, Асайы жуўап берди:

Дәўлетияр: Ол пaслы әлемди қарам әйлейин,
Үстиңнен жол салып өтер беглерим,
Бедеў минип мәртлер майдана кирип,
Ханы ханзадаңды тутар беглерим.

Асайы: Бизиң елдиң тағы дашы думандур,
Келсе өз башына жетер беглериң,
Бизиң журттың ханы—бийи амандур,
Келсе басқы таўып кетер беглериң.

Дәўлетияр: Қарағай найзалы, тутқалы баўлы,
Алма көз бедеўли, турман түзеўли,
Таматын айбатлы халыққа белли,
Қылычы хан күсеп келер беглерим.

Асайы: Жерим ат шабылмас, таўым қумлыдур,
Әўел келип бегиң ҳалын көргендур,
Ат жарағын Шаҳимардан бериптур,
Келсе басқы таўып кетер беглериң.

Дәўлетияр: Хан беглериңди бир жерге чатып,
Кәлийма қайтартып мусылман етип,
Елли деп баҳаңды отызға сатып,
Сениң динлериңди қуртар беглерим.

Асайы: Шахның қәҳәри келер сениң сөзиңе,
Мықлы таяқ, тийер билсең өзиңе,
Дәрўазада жаш айналып көзиңе,
Омар деп байлаўлы жатар беглериң.

Дәўлетияр: Девара қоярлар арқаныз берип,
Тутар көп тәжиклер жыйналып келип,
Барлығы жәм болар қарарын көрип,
Қазаққа, қалпаққа сатар беглерим.



Асайы: Мениң, сениң деген сөзлериң болмас,
Гөззал шах башыдан дәўлети таймас,
Қуўанмағыл сени патша қутқармас,
Өлтирер, азаңды тутар беглериң.

Дәўлетияр: Иншалла келермен сөзиме жетип,
Кимиңни өлтирип, кимиңни тутып,
Мәсқапшыны саңа мөҳирдар етип,
Лалаўлатып кетер бир күн беглерим.

Асайы: Буны айтқан тилиң сениң кесилсин,
Отлар чачқан еки көзиң тешилсин,
Ичегиңнен дарлық арқан ешилсин,
Шаҳым яна зиндан елтар беглерим.

Дәўлетияр: Дәўлетияр дер қарам пaслы субҳаны,
Иншалла келермен қарам аўҳалы,
Шарипхан, Яқупхан, Жапар Султаны,
Башлап еллериңе елтер беглерим.

Асайы; Асай дер сени алдынан чалып,
Етиңди жеп сүйегиң ийтлерге салып,
Йолдашларың кетип сен мунда қалып,
Гөззал шаҳ өлтирсе нетер беглериң.

Алқысса патша айтты: Әй, қурымсақ Асайы-Мусайы, сен қурт кәби сөз айтып, мама кеби қарғыш етерсен, Дәўлетияр саңа сөз айтар. Аның саўалыны тыңла. Ол Асайы-Мусайыға саўал берип бир сөз айтты:

Асайы-Мусайы: шайырсаң жоқта,
Шайыр болсаң бизге андын хабар бер,
Адамның бәриси мәлимдур халыққа,
Адамның арғын билсең хабар бер.

Қайсы жыл өтеди ҳеч бир думансыз,
Неча киши бейишдәдур гумансыз,
Сорақсыз, саўалсыз, майдан есапсыз,
Шайыр болсаң бизге андын хабар бер.

Жети сегиз болмас, тоқсан юз болмас,
Ата-ана болан дүньяны сәўмас,

Ғәриплер анламас, мискинлер билмас,
Сен билип анласаң андын хабар бер.

Қайсы жандур дамба-дамба яғы бар,
Уч юз алтмыш дәрьясының бағы бар,
Уч жолы бар, төрт юз қырқ төрт таўы бар,
Сен гезендә болсаң андын хабар бер.

Қанатсыз учады, талсыз пәрлери,
Башлары майданда нетар тәнлери,
Алша тағы, неча дәрбент жоллары,
Яқшылап ойланып андын хабар бер.

Ол не қушдур аты гезер жаҳанда,
Ҳеч кимлер көрмеген аны неганда,
Исми жетмиш еки юз бир қуранда,
Сен муннан аласаң андын хабар бер.

Яратқаннан кичи, Расулдан уллы,
Мазҳапта, Наннапта қайсы қушдарлы,
Пайғамбардың досты кимлердур белли,
Мусылманнан бизге андын хабар бер.

Дәўлетияр дер жақын недур, жол недур,
Қыраат недур, ўақыт недур, мий недур,
Жаратқанның әмири парыз ол не дур,
Ўажып, Сүннет, Мустаҳаптан хабар бер.

Алқысса Дәўлетярбектиң бул сөзине Асайы-Мусайы жуўап бере алмады. Анда патша қазнасынан үстине тон сарпай, астына ат келтирип берди. „Яна тилегиң болса тиле"—деди патша. Анда Дәўлетяр; Мен сеннен тилек алмасман, берген азап-ақыретиңе яне айналып келермен, деди. Дәўлетяр қолына сазын алып бир қошық айтты:

Тәрип етсем беглер мәрттиң сөзини,
Ғайратың жош урып қымбаты артар,
Ҳәр күни юз жола көрсен жүзини,
Иззет, икрам, қәдир-қымбатың артар.

Мәрт адам айтылған сөзинен танмас,
Нәмәртлер мәртликни ядына алмас,



Халқына жан берер, ықрарын бермес,
Бир күн кем болса, бир күни артар.

Еки қошын ара жерге келанда.
Белеў дүрлеп ағыр басқы боланда,
Адам өлип, ат жығылып қаланда,
Бир мәртниң ғайраты юзинен артар.

Жолдашлық етерсең мәртке урышта,
Кәрамат көрерсең игри қылышта,
Бийғайрат туўмасаң озал күн башта,
Сениң ҳәм ғайратың қымбатың артар.

Ат ойнатып майдан ара турғанда,
Ҳәр не тәғдир баша түшсе көргенде,
Жердиң жүзи қызыл қана толғанда,
Мәрт жигит ғайраты юз чандан артар.

Дәўлетяр дер менде мәртти танырман,
Жолдашым өзиме теңеп санарман,
Ҳеч ким өлмей қалмас, менде өлермен,
Меннен соң дос-ярға әпсанам артар.

Алқысса Дәўлетяр атына минип, жолға раўан болып елине қайтты. Таў үстине чығып киятырып қолы байлаўлы өткен жерлерин көрип бир сөз деди:

—Нече ўақдур көрмегели,
Келиң көришели тағлар.
Ат чапышып жүрмегели,
Енди жүришали тағлар.

Атлар чаўып ташлар атып,
Биз өттик колларды чатып,
Саянда аўнадық жатып,
Нақышы сарқашта таўлар.

Аждарҳадай атлар билен,
Жаннан кечкен мәртлер билән,
Лалаўлашқан гуртлар билән,
Анда урышалы тағлар.

Аман-есен муннан барсам,
Ислам ушын кылыш урсам,
Шул майданда ойын қурсам,
Сен әйле тамаша тағлар.

Келишимдур қызыл баштан
Барышым қәўми-гардаштан,
Ат ойнатып қайта баштан,
Жүриппен үстинде тағлар.

Аларман кәпир журтларын,
Сындырып тажы тақларын,
Чатып кәпирниң гуртларын,
Шунда жол бер маңа тағлар.

Қаршылашып душман турса,
Мылтық атып оқлар учса,
Дәўлетяр бир урыш қурса,
Шунда көз қамашар тағлар.

Алқысса неше күн жол жүрип, Қоңырат журтына келип, халқын көрип, сазын қолға алып бир сөз деди:

—Неча ўақдур биз кеткели,
Келиң жанлар көришәли,
Нәсип тәгдирге нетәли,
Келиң бағлар көришәли.

Чектиң айралық жапасын,
Дүньяның билдик оқасын,
Исламның көрдик шипасын,
Келиң дослар көришәли.

Чақырып ҳәм ереллерди,
Карамат ер пирләрди,
Шүкир көриппиз сизлерди,
Келиң жанлар көришәли.

Жигитлердиң қолы сазлы,
Хош муҳамы, хош ҳаўазлы,
Юз жигирма мың назлы,
Келиң қызлар көришәли,



Қоллары ақ билезикли,
Биналы гүмиш жүзикли,
Жылўалы көзи сүзикли,
Келиң жанлар көришәли.

Көрсем қамардай көзлери,
Алмадай қызыл жүзлери,
Жол бериң өтсин қызлары,
Келиң қызлар көришәли.

Алқысса Дәўлетярбек халық билен көришип, аманлашып, сазын қолға алып бир сөз деди:

Биз кеткели нече күнлер өтипти,
Туўып өскен ели күним аманми.
Пәлекниң зулымы башқа түшипти.
Бирге жүрген теңи-душым аманми.

Барған келген бәри бизиң еллерден,
Бағлы қазан урған таза гүллерден,
Ықласлы сағынған шийрин тиллерден,
Ләйли, Мажнун, Шаҳзадалар аманми.

Лалазар ичинда чаманлар байлап,
Сейил гаҳқа чығып тамаша әйлеп,
Бизиң билен заўқы сапалар ойнап,
Қатар жүрген яру-дослар аманми.

Аллаяр алланың ҳүкимин питирмиш,
Пәлек ҳәсирет, не зулымлар келтирмиш,
Дәўлетярбек башқа өмирин өткермиш,
Ақ сүт берген кәбам анам аманми.

Дәўлетяр айралықта кудаға жалбарынып, көрген азапларын еске түширип, бир-бир баян қылды:

—Ғам ләшкери келди қоршап жаныма,
Сен карамсаң мени мутаж әйлеме,
Юз андише қайғы ғулпет башымда,
Өзиңнен өзгеге мутәж әйлеме,

Ғардашым тең-душым ел күним билен,
Сырдашым бир башым мен сениң билен,

Ғулпетли қайғылы көз яшым билен,
Қарамсаң, рахимсаң мүтәж әйлеме.

Жоқ жерден жаратты қүдиретиң билен,
Ғардашым, туўғаным бир сениң билен,
Өмирим өтер мениң ел күним билен,
Жаббарсаң, рахимсаң мүтәж әйлеме.

Қайғы ғамнан тәктим көзимниң жашын,
Жигитлик мәўсимин кечирди башым,
Өзиңнен өзгеге түшмесин ишим,
Ҳәр ғайры—кимсеге мүтәж әйлеме.

Ғош жигиттиң иши чепке алмасын,
Мойынсынып бир нәмәртке бармасын,
Нәмәрттиң жүзине көзин салмасын,
Мәртни бир нәмәртке мүтәж әйлеме.

Дәўлетяр дер мениң достым мәрт болсын,
Дәўлети башында мудамы турсын,
Туўған ел, туўған журт бирликте болсын,
Бир көзим, бир көзге мүтәж болмасын.

Дәўлетяр өлген баласы Аллаярды ядына алып, қудаға шүкир қылып бир сөз деди:

—Сыйындым мен сизге мың шүкир етип,
Қарамсаң рахимсаң яратқан алла
Қатаға тушмишам ҳақ жолдан кетип,
Туба ыстыпарым халық еткен алла.

Нәпси шайтан мени жолдан азғырып,
Башыма не залым ишни келтирип,
Айралық оғыны жаннан өтирип,
Таянышым мени халық еткен алла.

Билмедим қысметим ығбалым йырақ,
Ол меннен айырса йырақтан йырақ,
Гунаҳим есапсыз, тағдан уллырақ
Шүкирим көп мениң яратқан алла.

Дәўлетяр дер мениң дағы пырағым.
Кетипдур ҳүмметим аты-ярағым



Кетипдур иманым нуры чырағым,
Жеткердиң елиме сен башлап алла.

Алқысса Дәўлетярбек жыйналған халықларға башынан кечирген ишлерин айтып бир-бир баян етип бир сөз деди:

Пәлек бизни айралыққа салыпдур,
Осал қайсы, ҳижран қайсы билмәнам,
Ығбал нышаным ғайры дөнип тур,
Пайда қайсы, зыян қайсы билмәнам.

Раҳиптиң шиддати қанға жетипдур,
Енди баштан ашып жанға өтипдур.
Дослардан шапаат деген кетипдур,
Яқшы қайсы, яман қайсы билмәнам.

Ол меннен қалмаған, мен оннан қалмас,
Саўашта муханнес майдана бармас,
Мәртлер ар сақласа ҳечтеңе болмас,
Нәмәрттиң ығбалын билә билмәдим.

Майдан ичрә Рустем каби айбаты,
Шер филиң қудрати, Арыслан сифати,
Қарындаш, ел күнниң иззет ҳүрмети,
Болай дедим, анча бола билмәдим.

Көңлимди бағладым жорға ат билә,
Соңы қайыр болсын ығбалым көра,
Аларның сөзине инанмаң сирә,
Сизиң не қайғыңыз билә билмәдим.

Душманым өлтирдим Сарқуш ат учун,
Қылыч урдым, дослар учын, жат учун
Дәўлетяр дер беш күн аманат учун
Нәмәртниң тоныны кийе билмәдим.

---

## „ДӘЎЛЕТЯРБЕК“ ДӘСТАНЫ ҲАҚҚЫНДА

Қарақалпақ халқы фольклорлық дөретпелерге оғада бай. Оның әсирлер даўамында дөреткен бай фольклорлық ҳәм әдебий мийрасы терең ҳәм хәр тәреплеме үйренилиў басқышын басынан кеширип атыр. Атын еситпеген менен елеге шекем китап болып басылмаған фольклор дөретпелери толып атыр. Халқымыздың өткен әсирлердеги ең талантлы уллары тәрепинен жазба түрде дөретилип, халық арасына жазба да, аўызша да тараған дәстанлар аз дейсиз бе? Солардың биреўи XVIII әсирде ҳәзирги Қоңырат районының территориясында дөретилген „Дәўлетярбек“ дәстаны. Көптен бери қарақалпақ форьклор ҳәм әдебият изертлеўшилериниң дыққатын өзине аўдарып келеди.

ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының китапханасында „Дәўлетярбек“ дәстанының төрт варианты сақланады. Олардың ишинде 1960-жылы Қоңырат районының территориясында фольклорлық экспедицияда болғанымызда Қоңырат совхозы территориясында жасаўшы Ешмурат деген кисиден алынған дәстанның қолжазба нусқасы пүтинлиги, толықлығы жағынан айрықша қызығыўшылық туўдырады. Ҳәзирдин өзинде дәстанның пайда болған орны Қоңыратта бизлердиң анықлаўымызша бизлерге белгилиси, адамлардың қолында „Дәўлетярбек“ дәстанының төрт-бес қолжазба нусқасы сақланады. Сондай-ақ Қарақалпақстан территориясында „Дәўлетярбек“ дәстанын аўызша атқаратуғын бақсыларда көп болған.

„Дәўлетярбек“ дәстанының дөреген жери ҳәзирги Қарақалпақстанның Қоңырат районының территориясы. Дәўлетяр белгили тарийхый адам, шайыр ҳәм батыр болған киси. XVIII әсирдиң екинши ярымында жасаған, Дәўлетиярдың әкеси Қоңыратта белгили найып болған, оны Ешмурат найып деп атайды екен. Дәўлетярдың „Саркуш“ деген атақлы аты болады. Ол жүйриклиги менен пүткил Хорезм оазисине даңқын жаяды. Дәўлетярбектиң Саркушын қарақалпақ шайырлары образ етип алады. Хийўа ханы Асфандияр (XVIII әсир) Саркуштың барын еситип, өзине алмақшы болып ең жақын адамларының бирин Қоңыратқа жибереди. Қоңырат ҳәкими Хийўадан келген ханның ўәкили менен бирге Дәўлетярбектен ханға Саркуш атын бериўди сорайды Дәўлетяр ханға атын бермейтуғынлығын айтады. Олар Дәўлетярға ҳүким етип, зорлық көрсетпекши болады. Ашыўы келген Дәўлетяр әдилсизликке шыдай алмай, ханның зорлығына көне алмай атты күш пенен алмақшы болған хан ўәкилин өлтиреди. Ханға жаманатлы болып жигитлери менен Қоңыраттан шығып кетеди. Атасының досты түркмен елиниң белгили адамларынан биреўи Мәмеджан сардарының журтында өзине баспана табады Дәўлетярбек жигитлери менен бирге түркмен елиниң жаўы—Иран шахларына қарсы әдиллик, азатлық ғәрезсизлик ушын урысқа қатнасады. Дәўлетяр өмириниң ақырына шекем ел-журт ышқында еркинликти сүйиў, ғәрезсиз жасаў идеяларына садық болып келеди. Халықлар дослығын көздиң қарашығындай саклайды. Бир миллет пенен екинши миллеттиң дослығында үлкен жәрдемди сезеди. Түркмен елиниң жаўына өз елиниң жаўындай қарап, оған қарсы Дәўлетярбектиң атланысы тарийхтағы ең унамлы геройлар дәрежесине көтереди. Дәўлетяр бәрҳама ҳәм барлық жерде халық ғамын ойлайды, азап шеккенлер ҳәм қорланғанлар тәрепинде болып гүрес жүргизеди. „Дәўлетярбек“ дәстанының қысқаша идеялық мазмуны да, ҳақыйқат болған тарийхый ўақыяда усындай.

„Дәўлетярбек“ дәстанының Дәўлетярбек өзи тәрепинен дөретилгени ҳаққында шубҳасыз көп ғана дәлиллер ушырасады. Көп ғана бақсылар информаторлар, изертлеўшилердиң пикирлеринде де дәстанның Дәўлетярбек тәрепинен жазылғанлығы менен Дәўлетярбектиң диўаны сыпатында сезилип турады. XIX әсирде Қоңырат кәтиплери „Дәўлетярбек“ дәстанын көширип жазыў ислери менен белсене шуғылланған ҳәм усылай етип оның кеңнен тараўына үлкен мүм-

киншилик туўғызған. Көплеген мағлыўматларға қарағанда Қоңыратлы кәтип XIX әсирдиң екинши ярымында жасаған шайыр. Абдулла Башмақ, дамулла Жаббарбергенлер „Дәўлетярбек" дәстанының жазбаларының кеңнен таралыўына үлкен тәсир жасаған. Усылай етип „Дәўлетярбек" дәстаны жазба ҳәм аўызша түрде тек Қоңыратлыларға мәлим болып келместен, оның шет шебирлерине де тарала баслаған. Өз-өзинен белгили дәстанның биринши пайда болған мәканы Қоңыраттан „Дәўлетярбек" Түркменистанға пүтин Хорезмге, Маңғышлаққа т. б жерлерге таралған. „Дәўлетярбек" дәстанының версиялары түркмен ҳәм өзбек фольклористлериниң коллекцияларында ушырасады.

Халықлар мәдениятының өз-ара тәсири нәтийжесинде ҳәзирги дәўирде улыўма илимде тастыйықланғанындай эпос өзиниң белгили бир халыққа тийислигин өзиншелигин жойтпастан, қоңсылас халықларда да миллий версияларының пайда болыўына негиз салды. „Алпамыс", „Гөруғлы" қусаған дәстанлардың миллий версияларының пайда болыўы усындай. Ески ўақытта дөреген дәстанлардың қайсы халықта негизи салынғанын анықлаў қыйын. Ал XУIII әсирдиң екинши ярымында жазба түрде пайда болған „Дәўлетярбек" дәстанының қай жерде қашан ким тәрепинен дөретилгенлиги айқын нәрсе. „Дәўлетярбек" дәстанының баска халықларда ушырасқан барлық версиялары дәслепки ирет Дәўлетярбектиң өзи тәрепинен дөретилген ең тийкарғы Қоңырат версиясы тийкарында пайда болған. Биракта соның менен ҳәрбир эпостың миллий версиясы, егерде ол миллий версия дәрежесине көтерилген болса, әлбетте ол биринши түп нусқаның механикалық тәкирарланыўы емес, өз алдына оригиналь дөретпе болып есапланады. „Дәўлетярбек" дәстаның түркмен версиясы ҳаққында усындай пикирди айтыў мүмкин ҳәм оның өз алдына миллий версия иретинде қәлиплескенине ҳеш қандай гүманланыўға болмайды.

Биракта усы „Дәўлетярбек" эпосы бойынша Ашхабад университетинде 1969-жылдың ақырында таярланылған бир жас илимпаз А. Дурдыевтың кандидатлық диссертациясының авторефераты менен танысып қарағанда көп ғана еле анықлаўды талап ететуғын мәселелердиң жүзи ашылды. К. Дурдыев „Дәўлетярбек" дәстанын ашықтан-ашық ҳеш кандай дәлилсиз XVIII әсирдеги түркмен шайыры Гурбаналы Мағрупидиң шығармасы деп қарайды. Бундай тастыйықлаў түркмен әдебияты тарийхында орын алған. Диссертациялық теманың аты да Гурбаналы Мағрупидиң тарийхый қаҳарман дәстаны „Дәўлетяр" делинген. Диссертант авторефератының 14-бетинде ашықтан-ашық „Дәўлетярбек" дәстанының қайдан келип шыққанын билмейтуғынын мойынлап „Еллы Тувак бакшы был прилежным учеником известного в свое время Баба бақшы, который в свою очереды слышал дастан „Дәўлетяр" от своего наставника Амана бакшы и выучил его на память, Точно неизвестно, откуда пришёл „Дәўлетяр" Аману бакшы" —деп жазады. Ҳайран қалатуғын жери диссертациялык жумыстың тийкарғы анализи Еллы Бақшы варианты материалы бойынша исленген. Усындай жағдайда ҳеш қандай бул дәстанға катнасы жоқ бийшара Мағрупидиң басын айналдырылғаны неси?! Автор өзиниң қәте пикирин тереңлестирип сол авторефератының 5-бетинде „Дәўлетяр менен Мағрупи дос болған „жаўынгер жолдас" болыўы мүмкин, Хийўада оқып жүргенде Мағрупи атақлы герой Дәўлетяр менен танысып, дослаcқан ҳәм оған айырықша дәстан арналған болыўы керек"—деген шамалаў пикирлерди айтады. Әлбетте, бундай шамалаўлардың ҳеш қандай тарийхый ҳақыйқатлық пенен байланысының жоқлығы өз-өзинен түсиникли.

Автордың жоқарыда „Дәўлетярбек" дәстанының қайдан келип шыққанын анықлай алмай, кейнинен „оның авторы Мағрупи"—деп дағазалаўы пикирдиң илимий емеслигин, ҳақыйқатлықтың бурмаланып турғанын көрсетеди. Бизиң Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының китапханасындағы шала жазылған „Дәўлетярбек" дәстаны бойынша автор бир ғана материал менен Үстиртин танысып дәстанның тийкары болған Қоңырат версиясына немқурайдылық пенен баҳа бериўи үлкен өкиниш туўдырады.

„Дәўлетярбек" дәстаны жаңа ғана изертлене баслағанлықтан оның изертлеўшилериниң жумысында бундай кемшиликлердиң кетиўи, бир жағынан тәбийий де қубылыс болыўы мүмкин.

„Дәўлетярбек" дәстаны XVIII әсирдиң дәл тарийхын анық адамын, орнын сөз еткенликтен эпос бо-

йынша барлық материалды тереңнен үйрениў менен өзбек, түркмен, қарақалпақ версияларының өзгешеликлерин, бир-бири менен байланыс тамырларын ашыўымыз керек. Бул мәселеде бирлесип ойласатуғын да, ислейтуғын да жумыслар аз емес.

Қарақалпақ фольклорының үлкен билимданы профессор Қаллы Айымбетов „Қарақалпақларда бақсышылық өнердиң өсип раўажланыўының жолы, сабағы төртеў: Ақымбет бақсы, Еденбай бақсы, Түркменлерден Сүйеў бақсы, қарақалпақлар менен көптен берли өмир сүрип киятырған Араллы өзбек бақсылары болды"[1]—деп көрсеткен еди.

Дурысында да Арал бойларындағы қарақалпақ, өзбек, түркменлердиң бақсыларының дәстанлары, қосықлары, намалары бир-бирине араласып, сиңисип кеткенлиги соншелли, оларды бир-биринен айырыў қыйын болып қалатуғын жағдайлары да бар. Олардың бир-бирине устаз ҳәм шәкирт болыўлары да буған тийкарғы себеплерден болса керек. Деген менен ҳәр қайсысына тән өзгешеликлер ҳаққында гәп кеткенде сөзлик я музыкалық ҳәм атқарыў бойынша олардағы өзгешеликлерди байқаўға болады. Ҳақыйқатында да булар олардың жақынлығынан гөре ҳәдден тыс айрықшалығын қурап турмайды.

Өз алдына китап ретинде баспаға усынылып отырған „Дәўлетярбек" дәстанын мен Қоңыратлы Нарбай бақсыдан жазып алған едим. Усы дәстанның вариантларынан жазбалары да, аўызша жыйналғанлары да бар. Нарбай бақсы варианты 1970-жылы „Әмиўдәрья" журналының 7-санында мениң қысқаша алғы сөзим менен басылып шықты. „Дәўлетярбек" дәстанын қол жазба нусқаларынан басқа 1939-жылы Сәдирбай Мәўленов ҳәм Шәмшет Хожаниязовлар тәрепинен Қаражан бақсыдан жазып алынған 45 бет көлеминдеги варианты бар. Нарбай бақсы варианты менен салыстырғанда улыўма сюжети бир болған менен бираз өзгешеликлерге ийе. Әсиресе дәстанның бас бети Қаражан бақсы да басқаша берилген. Улыўма алғанда „Дәўлетярбек" дәстанының Қаражан бақсы варианты үлкен қызығыўшылық туўдырады. Мениң ойымша, бул вариант Бердақ бақсы қайта ислеген үлги болыўы керек. Бердақтың қызы Ҳүрлиманның баласы Қаражан бақсыға мийрас болып қалған „Дәўлетярбек" дәстанын салыстырып изертлеўде үлкен әҳмийетке ийе болады.

[1] Қ. Айымбетов „Халық даналығы" Нөкис 1988.128 бет.



„Дәўлетярбек" дәстанының белгили атқарыўшыларынан бири Қоңыратлы бақсы Нарбай Көшекенов 1911-жылы Қоңырат районында туўылған. Кишкене ўақтынан баслап сазға, сөзге қызығады. Қоңыраттың атақлы бақсылары Жаңабайдың, Орынбайдың дәстанларын қосықларын, намаларын кунт пенен тынлайды, солардай бақсы болыў интасы онда балалығынан ояна-ды. Аўыллық мектепте оқып, арабша хат танып, хат оқыўы да оған қысса китапларды оқыўға мүмкиншилик береди. Нарбай бақсының устаз санайды.

Нарбай бақсының репертуарында Орынбай бақсы ҳәм Жаңабай бақсылардың намалары бар. Олардан „Рахим әйле", „Шаҳикишўар", „Ширўаны қатар", „Ираный". „Зарлетме", „Ашық Айдын", „Дәснама", „Дәрўаз", „Зибан", „Ешбай", „Ығбал", „Нәйлермен", „Пәтик", „Хожабағман", „Дәрдиңнен", „Гелалайлим", „Яра яндым" т. б. 40 қа жақын намалар бар еди. Әсиресе Қоңырат бақсыларына характерли „Орынбай жолы", „Жаңабай жолы" деген өз алдына бояўлар менен берилетуғын намалар дүркини.

Нарбай бақсыдан „Дәўлетярбек" дәстанынан басқа „Гөруғлы" циклине киретуғын „Бәзирген", „Әўез үйленген", „Арап Райхан", „Ғәрип ашық" дәстанлары жазып алынып, „Гөруғлы"ның Нарбай бақсы берген „Бәзирген" бөлими 1963-жылы биринши ирет қарақалпақ тилинде басылған „Гөруғлы" дәстанында бериледи. Оннан жазып алынған „Гөруғлы"ның „Әўез үйленген", „Арап Райхан" бөлимлери „қарақалпақ фольклоры" көп томлығының XV томында қарақалпақ тилинде Нөкисте 1986-жылы басылып шықты. Булардың ҳәммеси Нарбай бақсының фольклорлық мийрасымызды раўажландырыўда үлкен хызмет еткенинен дәрек.

Нарбай бақсы 1975-жылы 64 жасында қайтыс болды. Оның қалдырған фольклорлық мийрасының ишинде „Дәўлетиярбек" дәстаны үлкен қызығыўшылық туўдырады деп ойлаймыз.

*Қабыл Мақсетов*
*Раўшан Мақсетова*

Китапхана
46883

# ДӘЎЛЕТЯРБЕК

*(Дәстаны)*

*Қарақалпақ тилинде*

*„Қарақалпақстан" баспасы*

*Нөкис—1995*


Редакторы *Алмагүл Ешмуратова*
Художниги *Исмайыл Қыдыров*
Худ. редакторы *Уайис Ережепов*
Тех. редакторы *Гүлжамал Ақназарова*
Корректоры *Г. Турымова*

ИБ 1813

Териўге берилген ўақты 15.09. 1995-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 30.09. 95-жыл. Қағаз форматы 84х $108^1/_{32}$ газеталық қағаз. Әдебий гарнитура., Кегль. 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 1,875 баспа табақ 3,15 шәртли баспа табақ 3,16 есап баспа табақ. Жәми 4000. Буйыртпа №227. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.